


Dwa Paran

Avi Leta Maryland sou Garanti Pwosed

Entèvansyon bonè pou Tibebe ak Tikatkat

Edikasyon Espesyal nan Lekòl Matènèl

ak Edikasyon Espesyal



REVIZE AN JIYÈ 2017



**DEPATMAN EDIKASYON NAN MARYLAND
DIVIZYON EDIKASYON ESPEYAL / SÈVIS ENTÈVANSYON BONÈ**

Dwa Paran

Avi Leta Maryland sou Garanti Pwosedè

Tibebe ak Tikatkat, Lekòl Matènèl, Edikasyon Espesyal

Jiyè 2017

© 2013 Depatman Edikasyon nan Eta Maryland

Se Depatman Edikasyon nan Eta Maryland (MSDE), ki te devlope epi pwodui dokiman sa a Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Bonè te devlope epi pwodui dokiman sa a, IDEA Part C Grant #H181A120124, ak IDEA Part B Grant #HO27A012035A avèk don lajan Depatman Edikasyon Ameriken. 2013 Dwadotè rezève Depatman Edikasyon nan Eta Maryland (MSDE). Yo ankouraje lektè yo pou yo kopye epi pataje li, men tanpri mansyone Divizyon Edikasyon Espesyal (MSDE) ak Sèvis Entèvansyon Bonè, Depatman Edikasyon Leta Maryland lan. Tout lòt dwadotè. Depatman Edikasyon Leta Maryland pa fè diskriminasyon poutèt ras moun, koulè moun, sèks yo, laj yo, peyi kote yo soti, relijyon, enfimite oswa oryantasyon seksyèl nan koze ki afekte travay yo oswa nan bay yo aksè a pwogram. Pou kesyon sou règleman nan depatman an, tanpri kontakte Branch Asirans Ekte ak Konfòmite (Equity Assurance and Compliance Branch), Biwo Depite Sipè-Entandan Eta a pou Administrasyon Depatman Edikasyon Leta Maryland nan 200 West Baltimore Street, 6th floor, Baltimore, MD 21201-2595, 410-767-0433 oswa Faks (410) 767-0431, www.MarylandPublicSchools.org. Annakò avèk Lwa sou Ameriken ki Enfim (ADA) dokiman sa-a disponib nan lòt fòm a sito ou mande sa. Kontakte Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Bonè, Depatman Edikasyon Leta Maryland nan nimewo Telefòn (410) 767-7770 oswa nimewo Faks (410) 333-1571.

Karen B. Salmon, Ph.D.

Sipè-Entandan Eta Lekòl yo

Andrew R. Smarick

Prezidan

Konsèy Deta Pou Edikasyon

Carol A. Williamson, Ed.D.

Sipèentandan Eta Adjwen pou Ansèyman ak Aprantisaj

Marcella E. Franczkowski, M.S.

Asistan Sipè-Entandan Eta

Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Bonè

Larry Hogan

Gouvènè

Maryland State Department of Education

Division of Special Education/Early Intervention Services

200 West Baltimore Street, 9th floor

Baltimore, Maryland 21201

410-767-7770 (telefòn)

410-333-1571 (faks)

<http://www.marylandpublicschools.org>

TABDÈMATYÈ

Avi sou Garanti Pwosedè	1
Lang manman	1
Kourye Elektwonik	2
Ansyen Avi sou Papye	2
Avi:	2
Avi sou Papye sou Kontni:	2
Konsantman	3
Konsantman Paran pou Sèvis nan yon IFSP :	3
Dwa Paran pou Pa aksepte Sèvis pou Sèvis nan yon IFSP:	4
Konsantman Paran:	Error! Bookmark not defined.
Konsantman Paran pou Premye Evalyasyon:	4
Paran Ranplasan pou Sèvis IFSP Sèlman:	4
Règleman Espesyal pou Premye Evalyasyon Timoun alachaj Leta:	7
Konsantman Paran pou Sèvis:	4
Retire Konsantman Paran pou Sèvis:.....	5
Retire Konsantman Paran pou Sèvis pou Timoun ak Jenn IEP selman:	5
Konsantman Paran pou Reevalyasyon:.....	5
Dokimantasyon Efò Rezonab pou Genyen Konsantman Paran:.....	5
Lòt Kondisyon pou Konsantman:	6
Paran ranplasan	7
Regleman espesyal pou nouvo evalyasyon anba Leta.....	7
Evalyasyon Edikasyon Endepandan	7
Definisyon:.....	7
Kritè Ajans Piblik:	8
Dwa yon Paran pou Evalyasyon sou Frè Piblik la:	8
Evalyasyon Paran Mande:.....	8
Demann yon Jij Administratif (ALJ) pou Evalyasyon:.....	8
Konfidansyalite Enfòmasyon	9
Definisyon:.....	9
Garanti:	9
Konsantman:	9
Dwa Aksè:.....	10
Aksè sou Dosye:	10
Modifye Dosye lè Paran Mande Sa:	11
Pwosedè pou Detwi Enfòmasyon:	11
Detwi Enfòmasyon:	12
Enfòmasyon Disiplinè:.....	12
Pini Timoun ki Enfim	12
Definisyon:.....	12
Otorite Pèsonèl Lekòl:	13
Montre Detèminasyon:.....	13
Chanjman nan Plasman:.....	14
Lòt Kad Pwovizwa pou Edikasyon:.....	13
Fè Apèl sou Aksyon Disiplinè:	14
Timoun nan Poko Deklare Elijib:.....	15
Refere ba epi Aksyon Otorite pou Aplike Lalwa ak Otorite Jidisyè Yo:.....	15
Plasman Timoun Paran Yo Fè pou Kont Yo nan Lekòl Prive sou Frè Piblik la	15

Limit sou Ranbousman:	15
Transfè Dwa Paran nan Laj Majè	16
Rezoud Dezakò	17
Medyasyon:.....	18
Reyinyon pou Ankouraje Medyasyon:	18
Diferans ant yon Plent Leta ak yon Plent pou Pwosè Kòmsadwa:	19
Plent Leta:	19
Jan pou Rezoud yon Plent Leta:.....	20
Jan pou Rezoud yon Plent Leta ki se Rezon poutèt yon Odyans Tribinal sou Pwosè Kòmsadwa:	20
Plent pou Pwosè Kòmsadwa:	21
Kontni Plent pou Pwosè Kòmsadwa:	21
Repons yon Plent pou Pwosè Kòmsadwa:	22
Avi an Ase:	22
Kondition Timoun nan Pandan Pwosè:.....	22
Pwosesis pou Rezolisyon:.....	22
Chanjman nan Peryòd 30 Jou Kalandriye pou Rezolisyon an:	22
Akò sou Règleman Rezolisyon:	23
Odyans Tribinal sou Pwosè Kòmsadwa:	23
Yon Jij Administratif (ALJ):.....	23
Sijè yon Plent pou Pwosè Kòmsadwa:.....	24
Dwa pou Odyans Tribinal:.....	24
Lèt Divilgasyon Enfòmasyon:	24
Dwa Paran:.....	24
Desizyon Odyans Tribinal:	24
Plent Apa pou Pwosè Kòmsadwa :	25
Kalandriye ak Konvans yon Odyans Tribinal:.....	25
Kwonoloji Akselere:	25
Desizyon Odyans Tribinal Definitif:.....	25
Apèl:.....	25
Onorè Avoka	27
Dokiman Anekse: Fich Konparezon IDEA pou Pwosesis Rezolisyon Konfli	28

AVI SOU GARANTI PWOSEDI

Avi sou garanti pwosedè a gen ladan li yon eksplikasyon total dwa ou yon jan ou kapab byen konprann epi nan lang manman ou. Avi sou garanti pwosedè sa a aplike pou timoun ak fanmi ki ap resevwa sèvis atravè yon Plan Sèvis Endividyalize pou Fanmi epitou pou timoun ak jen moun ki enfim ki ap resevwa sèvis atravè yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP).

Pwoteksyon anndan dokiman Desizyon Odyans Tribinal Definitif la se Lwa federal 2004 (IDEA 2004), 20 U.S.C. §1400 *et seq.*, pou Amelyore Edikasyon Moun Ki Enfim la ki tabli li ansanm ak chapit sa yo nan Règleman Kòd Leta Maryland, COMAR: COMAR 13A.05.01, COMAR 13A.08.03, ak COMAR 13A.13.01. Chak ajans piblik dwe tabli, kenbe, epi aplike garanti sou pwosedè ki satisfè kondisyon IDEA 2004 la. Yon ajans piblik se ajans ki bay timoun nan sèvis IFSP oswa sèvis IEP.

Pou timoun yo avèk fanmi yo kapab resevwa sèvis yo nan yon IFSP, paran yo dwe resevwa yon kopi Garanti Pwosedè ansanm avèk Avi Ekri davans.

Pou timoun yo kapab resevwa sèvis atrave yon IEP, paran pral resevwa yon kopi dokiman sou garanti pwosedè an yon fwa chak ane, sòfsi yon ajans piblik dwe bay paran yo yon lòt kopi dokiman an:

- Lè premye rekòmandasyon oswa premye demann paran an pou evalyasyon fèt;
- Lè li resevwa premye plent Leta alekri sou edikasyon espesyal dapre 34 CFR 300.151 atravè 300.153 nan yon ane lekòl;
- Lè li resevwa premye plent pou pwosè kòm sadwa dapre 34 C.F.R. §300.507 nan yon ane lekòl;
- Lè yon desizyon fèt pou pran yon mezi disiplinè; epi
- Si paran mande sa.

Yon ajans piblik kapab mete yon kopi ki ajou anons sou garanti pwosedè an sou sit Entènèt li an si sit Entènèt la egziste.

Dokiman sou garanti pwosedè an gen ladan li yon eksplikasyon total dwa paran yo, yon jan ou kapab byen konprann epi nan lang manman paran an, amwenske li klè yo ta pa kapab fè sa. Si lang manman paran an oswa lòt metòd pou kominike paran an pa yon lang ki ekri, ajans piblik la dwe pran mezi pou asire garanti pwosedè yo tradui aloral oswa nan lòt jan nan lang manman paran an oswa nan lòt metòd pou li kominike. Ajans piblik la dwe kenbe prèv sou pape pou dokimante avi an te tradui epi paran yo te konprann kontni garanti pwosedè yo.

LANG MANMAN MOUN

Paran yo gen dwa pou resevwa enfòmasyon nan lang yo konprann.

Men kisa lang manman an, lè yo itilize li avèk yon moun ki pale yon ti kal Angle, vle di:

- Lang nòm alman moun sa a itilize, oswa, nan ka yon timoun, lang nòm alman paran timoun nan itilize;
- Nan tout kontak dirèk avèk yon timoun (tankou evalyasyon timoun nan), lang nòm alman timoun nan itilize lakay li oswa kote pou li aprann.

Pou yon moun soud oswa avèg, oswa pou yon moun avèg non lang ki ekri, metòd pou kominike se sa moun nan nòmalman itilize (tankou langaj siy, Bray, oswa kominikasyon pale).

Paran yo kapab mande fòm IFSP oswa IEP piti yo ki te ranpli pou yo tradui yo nan lang natif natal paran an. Si yo pale lang natif natal paran an plis pase en pousan (1%) nan total elèv yo ki nan sistèm lekòl lokal la, anplwaye responsab nan lekòl la dwe bay paran an tradiksyon dokiman nan 30 jou ki swiv dat demann nan. Yo pale de egzijans en pousan tradiksyon sa a nan seksyon medyasyon an ki nan dokiman sa a.

KOURYE ELEKTWONIK

Paran yo kapab chwazi resevwa avi sou konpitè si opsyon sa a disponib. Si ajans piblik la ofri paran yo pou chwazi resevwa dokiman yo pa kourye elektwonik, men kisa ou kapab chwazi resevwa pa kourye elektwonik:

- Avi sou papye anvan sa;
- Avi sou garanti pwosedè yo; epi
- Avi ki gen rapò ak yon demann pou pwosè kòm sadwa.

ANSYEN AVI ALEKRI

Paran yo gen dwa pou resevwa enfòmasyon sou papye konsènan aksyon ajans piblik la konsènan sèvis entèvansyon bonè oswa edikasyon espesyal pitit yo an.

Avi:

Yon ajans piblik dwe bay paran yo avi sou papye chak fwa li: pwopoze pou kòmanse oswa chanje

- Idantifikasyon,
- Evalyasyon,
- Pwogram pou edikasyon,
- Plasman pou edikasyon yon timoun oswa
- Bay yon edikasyon piblik gratis epi ki kòdyòm (FAPE) ba yon timoun; oswa
- Bay sèvis entèvansyon bonè ba timoun nan ak fanmi timoun nan pou IFSP sèvis sèlman.
- Lòt Pwogram pou edikasyon espesyal ak sèvis konsènan timoun atravè yon IEP

Lè avi sou papye gen rapò ak yon aksyon ki egzije konsantman paran an, ajans piblik la kapab bay avi sou papye an menm tan.

Kontni Avi sou Papye:

Pou timoun yo avèk fanmi yo kapab resevwa sèvis yo atravè yon IFSP, avi sou papye dwe :

- Dekri aksyon ajans piblik la te pwopoze oswa te refize pran;
- Eksplike pou kisa ajans piblik la ap pwopoze oswa refize pran aksyon;
- Founi dokiman Garanti Pwosedè a.

Pou timoun yo avèk fanmi yo kapab resevwa sèvis yo atravè yon IEP, avi sou papye dwe :

- Dekri aksyon ajans piblik la te pwopoze oswa te refize pran;
- Eksplike poukisa ajans piblik la ap pwopoze oswa refize pran aksyon;
- Dekri chak pwosedi pou evalyasyon, egzaminasyon dosye, oswa rapò ajans piblik la te itilize nan deside pwopoze oswa refize aksyon;
- Mete yon deklarasyon paran yo genyen pwoteksyon dapre pwovizyon sou garanti pou pwosedi yo nan IDEA a;
- Di paran yo kijan yo kapab jwenn yon deskripsyon garanti pwosedi yo si mezi ajans piblik la ap pwopoze oswa refize pa yon premye rekòmandasyon pou evalyasyon;
- Mete resous kontak pou paran yo jwenn èd pou byen konprann IDEA an;
- Dekri nenpòt ki lòt opsyon Ekip Plan Sèvis Endividyalize pou Fanmi timoun (IFSP) nan oswa Ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) an te konsidere ansanm ak rezon poukisa yo te refize opsyon sa yo; epi
- Founi yon deskripsyon lòt rezon poukisa ajans piblik la te pwopoze oswa te refize mezi an.

KONSANTMAN

Konsantman Paran:

Yon ajans piblik dwe jwenn konsantman paran pou evalye yon timoun pou edikasyon espesyal ak sèvis asosye, epi anvan yo bay edikasyon espesyal ak sèvis asosye. Paran yo gen dwa pou retire konsantman yo nenpòt ki lè. Genyen kèk eksepsyon pou konsanti pou evalyasyon.

Konsantman vle di paran yo:

- Te byen enfòm sou tout enfòmasyon ki aplike ak aktivite yo ap chèche jwenn konsantman pou li an, nan lang manman yo oswa nan lòt metòd pou kominike;
- Konprann epi dakò sou papyè pou egzekite aktivite yo ap chèche konsantman pou li an epi konsantman an dekri aktivite sa a epi site dosye yo (si genyen youn) yo pral bay la ak pou ki moun; epi
- Konprann byen konsantman an volontè epi yo kapab anile li nenpòt ki lè.

Si paran yo wete konsantman yo, sa pa anile yon aksyon ki te rive ant lè ajans piblik la te resevwa konsantman an ak anvan yo te retire li.

Si paran an anile konsantman, sou papyè, pou pitit yo an resevwa sèvis edikasyon espesyal apre yo te fini bay timoun nan toudabò sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye, ajans piblik la pa oblije chanje dosye edikasyon timoun nan pou efase okenn referans sou timoun nan ki resevwa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye poutèt konsantman an te anile.

Konsantman Paran pou Sèvis IFSP Sèlman:

dwe jwenn konsantman byen enfòm sou papyè anvan:

- Evalyasyon premye evalyasyon ak egzaminasyon timoun nan
- Dètèminen resous yomenm, priyorite yo, epi enkyetid fanmi an ki gen rapò ak ranfòse devlopman timoun nan
- Kòmanse bay sèvis entèvansyon bonè epi lòt egzaminasyon

- Si yo pa bay konsantman sou papyè, ajans lokal an tèt la dwe fè efò ki rezonab pou asire paran an:
 - Byen okouran kalite evalyasyon an ak egzamen oswa sèvis ki pral disponib epi
 - Konprann timoun nan pral pa kapab resevwa evalyasyon an ak egzaminasyon oswa sèvis amwenske yo bay konsantman yo sou papyè

Dwa Paran pou Pa aksepte Sèvis pou Sèvis IFSP Sèlman:

Yon paran timoun ki elijib kapab detèminen si yomenm, pitit yo an, oswa lòt manm nan fanmi yo an pral aksepte oswa pa aksepte nenpòt ki sèvis entèvansyon bonè epi kapab pa aksepte sèvis sa a apre yo te fin aksepte li san yo pa mete an danje lòt sèvis entèvansyon bonè yo. Si yon paran chwazi pou kontinye sèvis entèvansyon bonè pou yon timoun twa zan oswa pi gran, yon konpozan pou edikasyon yo dwe ajoute. Si paran an pa vle konpozan edikasyon an, yo pa elijib pou resevwa sèvis entèvansyon bonè.

Konsantman Paran pou Premye Evalyasyon:

Anvan yon ajans piblik kapab mennen yon premye evalyasyon timoun pou detèminen si timoun nan elijib pou sèvis entèvansyon bonè oswa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye. Ajans piblik la dwe:

- Founi paran yo ansyen avi sou papyè aksyon yo pwopoze an; epi
- Jwenn konsantman paran.

Ajans piblik la dwe fè efò ki rezonab pou jwenn konsantman enfòmè pou premye evalyasyon pou deside si timoun nan se yon timoun ki gen yon enfimite ki egzije yo ba li sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye.

Konsantman yon paran pou premye evalyasyon pa vle di paran an bay konsantman li tou pou ajans piblik la kòmanse bay sèvis entèvansyon bonè oswa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye ba pitit yo an.

Konsantman Paran pou Sèvis:

Yon ajans piblik dwe fè efò ki rezonab pou jwenn konsantman enfòmè anvan yo bay sèvis entèvansyon bonè oswa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye ba yon timoun pou premye fwa. Yon ajans piblik pa dwe itilize medyasyon oswa pwosed pwosè kòm sadwa pou jwenn yon akò oswa yon desizyon jij pou yo bay sèvis entèvansyon bonè oswa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye ekip IFSP oswa ekip IEP timoun nan te rekòmande, ba timoun nan, san konsantman paran li si paran yo:

- Refize bay konsantman pou pitit yo an resevwa entèvansyon bonè oswa sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye; oswa
- Pa reponn a yon demann pou bay konsantman pou bay sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye pou premye fwa.

Si paran yo refize bay konsantman pou pitit yo an resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye pou premye fwa, oswa si paran yo pa reponn a yon demann pou bay konsantman yo, ajans piblik la:

- Pa vyole kondisyon pou bay yon edikasyon piblik gratis epi ki kòdyòm (FAPE) ba pitit yo an; epi
- Pa oblije fè yon reyinyon Plan Sèvis Endividyalize pou Fanmi oswa reyinyon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) ni devlope yon IFSP/IEP pou pitit yo an.

Retire Konsantman Paran pou Sèvis:

Si paran yon timoun wete konsantman li sou papye pou yo kontinye bay edikasyon espesyal ak sèvis asosye, nenpòt ki lè apre ajans piblik la te kòmanse bay sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye yo, ajans piblik la—

- Pa oblije chanje dosye edikasyon timoun nan pou efase okenn referans timoun nan te resevwa edikasyon espesyal ak sèvis asosye poutèt konsantman an te anile;
- Pa kapab kontinye ap founi edikasyon espesyal ak sèvis asosye ba timoun nan, men dwe founi avi sou papye anvan sa ba paran an demann paran an sou papye pou sispann tout sèvis edikasyon espesyal ak lòt sèvis asosye, anvan yo sispann bay edikasyon espesyal ak sèvis asosye;
- Pa kapab itilize medyasyon oswa pwosedè pwosè kòm sadwa pou jwenn akò oswa yon desizyon jij yo kapab founi sèvis ba timoun nan;
- Pa pral konsidere vyole kondisyon pou mete FAPE disponib pou timoun nan akòz yo pa founi timoun nan plis sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye; epi
- Pa oblije fikse yon reyinyon ekip IEP la ni devlope yon IEP pou timoun nan pou kontinye bay sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye.

Lè konsantman anile, sa pa anile yon aksyon ki te rive ant lè ajans piblik la te resevwa konsantman an epi anvan yo retire konsantman an.

Konsantman Paran pou Re-evalyasyon pou IFSP Timoun Sèlman:

Yon ajans piblik dwe jwenn konsantman enfòmè anvan li fè nouvo egzaminasyon endividyalize pou yon timoun, Si paran pa bay konsantman l, chefq ajans dwe feq efo ki rezonab pou garnati paran a:

- Konnen byen nati evalyasyon an ak tes pou timoun nan ka; epi
- Konprann timoun nan pap kapab resevwa evalyasyon an ak tesq la amwenske li bay konsantman l.

Si paran yo refize konsantman pou nouvo egzaminasyon ajans piblik la kapab, men pa oblije, chèche kontoune refi paran an avèk pwosedè pou medyasyon ak pwosè kòm sadwa.

Konsantman Paran pou Re-evalyasyon pou IEP Timoun Sèlman:

Yon ajans piblik dwe jwenn konsantman enfòmè anvan li fè nouvo egzaminasyon endividyalize pou yon timoun, amwenske ajans piblik la kapab demontre:

- Li te pran mezi rezonab pou jwenn konsantman paran an pou reevalyasyon; epi
- Paran an pa te reponn.

Si paran yo refize konsantman pou nouvo egzaminasyon ajans piblik la kapab, men pa oblije, chèche kontoune refi paran an avèk pwosedè pou medyasyon ak pwosè kòm sadwa. Menm jan pou premye evalyasyon an, ajans piblik la pa vyole obligasyon li dapre IDEA an si li pa aksepte pou pouswiv nouvo egzaminasyon.

Dokimante Efo Rezonab pou Jwenn Konsantman Paran:

Yon ajans piblik dwe kenbe dokimantasyon efo ki rezonab pou jwenn konsantman paran pou premye evalyasyon, pou founi entèvansyon bonè oswa edikasyon espesyal ak sèvis asosye pou premye fwa, pou re-evalye, epi pou lokalize paran timoun alachaj Leta pou premye evalyasyon.

Dokimantasyon an dwe gen ladan li yon dosye ajans piblik la eseye jwenn konsantman paran, tankou:

- Dosye detaye sou apèl telefòn li te fè oswa te eseye fè ansanm ak rezilta apèl sa yo;
- Kopi korespondans yo te voye pou paran yo epi nenpòt ki repons li te resevwa; epi
- Dosye detaye sou vizit yo te fè kay paran an oswa kote li ap travay la epi rezilta vizit sa yo.

Lòt Kondisyon pou Konsantman:

Paran pa oblije bay konsantman yo anvan yon ajans piblik:

- Reli enfòmasyon ki deja la, sa fè pati yon evalyasyon oswa reevalyasyon pitit ou an; oubyen
- Bay pitit ou an yon tès oswa lòt evalyasyon yo bay pou tout timoun amwenske, anvan tès sa a oswa evalyasyon sa a, konsantman tout paran tout timoun yo obligatwa.

Ajans piblik la kapab pa itilize refi yon paran pou konsanti a yon sèvis oswa aktivite pou li refize paran an oswa timoun nan nenpòt ki lòt sèvis, benefis, oswa aktivite.

Si yon paran anwole pitit li an nan yon lekòl prive ak pwòp depans nan pòch pa li, yon ajans piblik kapab pa itilize medyasyon oswa pwosedi pwosè kòm sadwa pou detèminen si timoun nan elijib epi li pa oblije konsidere timoun nan elijib pou resevwa menm sèvis, si:

- Paran an pa bay konsantman li pou premye evalyasyon oswa reevalyasyon pitit li an; oswa
- Paran an pa reponn a yon demann pou bay konsantman li.

Anplis de aksyon sa yo ke IDEA a mande konsantman paran (evalyasyon inisyal, pwovizyon inisyal nan sèvis yo, ak re-evalyasyon), lalwa Maryland mande pou yon ekip IEP dwe jwenn konsantman ekri de yon paran si ekip la pwopoze pou:

- Enskri timoun nan nan yon pwogram edikasyon altènatif ki pa emèt oswa bay kredi nan direksyon pou yon Diplòm Maryland High School;
- Idantifye timoun nan pou evalyasyon edikasyon altènatif ki aliyen avèk kourikoulòm altènatif Eta a; oswa
- Mete kontrent oswa izolman nan IEP a pou adrese konpòtman timoun nan jan sa dekri nan COMAR 13A.08.04.05.

Si paran an pa bay konsantman ekri nan nenpòt nan aksyon sa yo ki pwopoze nan lis pi wo a, ekip IEP a dwe voye avi alekri paran an de dwa konsantman yo pa pi ta pase senk (5) jou ouvrab apre reyinyon ekip IEP a enfòm yo ke:

- Paran an gen dwa pou li aksepte konsantman oswa refize bay konsantman nan aksyon yo pwopoze a; ak
- Si paran an pa bay konsantman alekri oswa yon refi alekri nan kenz (15) jou ouvrab nan reyinyon ekip IEP an, ekip IEP a ka aplike aksyon yo pwopoze a.

Si paran an refize bay konsantman nan nenpòt aksyon yo pwopoze ki nan lis pi wo a, ekip IEP a ka sèvi ak opsyon ki disponib nan rezolisyon dispit ki nan lis nan Edikasyon Atik §8-413 (medyasyon oswa pwosedi kòm sadwa) pou rezoud pwoblèm nan.

PARAN RANPLASAN

Ajans lokal an chèf la oswa responsab sistèm edikasyon lokal la ap deziyen yon paran ranplasan pou reprezante yon timoun ki elijib si :

- Yo pa kapab idantifye paran an
- Ajans piblik la apre efò ki rezonab pa kapab jwenn paran timoun nan
- Timoun nanalachaj Leta Maryland

Kritè pou Paran Ranplasan:

- Yo pa dwe gen okenn konfli avèk enterè timoun nan
- Yo dwe gen konesans ak konpetans ki garanti yo va byen reprezante timoun nan
- Yo pa dwe anplwaye Leta oswa yon anplwaye nenpòt ki founisè sèvis ki deja pa bay sèvis entèvansyon bonè oswa lòt sèvis ba timoun nan oswa ba fanmi timoun nan
- Yo pa dwe konsidere yo kòm yon anplwaye ajans sèlman paske yon moun se yon ajans piblik ki peye li pou vin yon paran ranplasan

Ajans lokal an chèf la oswa responsab sistèm edikasyon lokal la dwe enfòmè Depatman Edikasyon Leta a oswa moun Direktè Depatman Edikasyon a deziyen a dat randevou avèk paran ranplasan a. Paran ranplasan an kapab reprezante yon timoun nan tout koze ki gen rapò ak:

- Evalyasyon ak egzaminasyon timoun nan
- Devlopman ak aplikasyon IFSP timoun nan, tankou evalyasyon chak ane ak revizyon peryodik
- Kontinye bay sèvis entèvansyon bonè ba timoun nan ak fanmi li
- Devlopman, revizyon ak chanjman IEP timoun nan;
- Kontinye pwovizyon pou sèvis entèvansyon bonè pou timoun ak fanmi atravè IFSP a; oswa
- Pwovizyon pou edikasyon espesyal ak lòt sèvis pou yon timoun atravè IEP a

Règleman Espesyal pou Premye Evalyasyon Timounalachaj Leta:

Si yon timounalachaj Leta epi li pa ap viv avèk paran li, ajans piblik la pa bezwen konsantman paran yo pou fè yon premye evalyasyon ki ta detèminen si timoun nan se yon timoun enfim si:

- Malgre efò ki rezonab pou fè sa, ajans piblik la pa kapab jwenn paran timoun nan;
- Yo te anile dwa paran yo genyen annakò avèk lwa Leta; oswa
- Yon jij akòde dwa pou pran desizyon sou edikasyon epi pou konsanti pou yon premye evalyasyon ba yon lòt moun pase paran an.

Evalyasyon Edikasyon Endepandan

Si yon paran pa dakò avèk yon evalyasyon ajans piblik la te fè, paran an gen dwa pou fè yon moun ki pa travay pou ajans piblik la evalye timoun nan.

Definisyon:

- Evalyasyon edikasyon endepandan vle di pwosedè pou tès ak egzamen se lòt anplwaye byen kalifye epi ki pa anplwaye ajans piblik ki responsab pou edikasyon timoun nan ki mennen yo; epi
- Depans piblik vle di ajans piblik la swa peye tout kòb evalyasyon an oswa li garanti yo te fè evalyasyon an gratis pou paran yo.

Paran yo gen dwa pou jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan pitit yo dapre IDEA an epi dapre pwosed yo founi pi ba la yo. Ajans piblik la dwe founi paran yo, si yo mande yon evalyasyon edikasyon endepandan, enfòmasyon konsènan:

- Kote yo kapab jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan; epi
- Kritè ajans piblik la kapab aplike pou yon evalyasyon edikasyon endepandan.

Kritè Ajans Piblik:

Lè yon evalyasyon edikasyon endepandan se depans leta, kritè ki dikte jan evalyasyon edikasyon endepandan an te jwenn, tankou kote evalyasyon an te fèt ak kalifikasyon egzaminè an, dwe menm ak kritè yon ajans piblik itilize lè li kòmanse yon evalyasyon, danlamezi kritè sa yo se menm ak yon dwa paran pou yon evalyasyon edikasyon endepandan. Sòf pou kritè yo dekri pi wo la yo, yon ajans piblik kapab pa enpoze kondisyon oswa kalandriye ki gen rapò ak jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan ak depans leta.

Dwa yon Paran pou Evalyasyon ak Depans Leta:

Paran yo gen dwa pou yon evalyasyon edikasyon endepandan depans leta si paran yo pa dakò avèk yon evalyasyon ajans piblik la te jwenn. Si paran yo mande yon evalyasyon edikasyon endepandan ak depans leta, ajans piblik la dwe, san reta ki pa nesèsè, swa:

- Kòmanse yon odyans pou pwosè kòm sadwa pou montre evalyasyon li an kòrèk; oswa
- Asire yon evalyasyon edikasyon endepandan te fèt ak depans leta, amwenske ajans piblik la demontre nan yon odyans pou pwosè kòm sadwa evalyasyon paran yo te jwenn lan, pa te satisfè kritè ajans piblik la yo.

Si ajans piblik la kòmanse yon odyans pou pwosè kòm sadwa epi dènye desizyon an sèke evalyasyon ajans piblik la kòrèk, paran yo toujou gen dwa pou resevwa yon evalyasyon edikasyon endepandan, men pa ak depans leta.

Si paran yo mande yon evalyasyon edikasyon endepandan, yon ajans piblik kapab mande paran yo rezon poukisa paran yo pa dakò ak evalyasyon piblik la. Men eksplikasyon yon paran pa obligatwa epi ajans piblik la kapab pa retade san rezon swa bay evalyasyon edikasyon endepandan an ak depans leta oswa kòmanse odyans pou pwosè kòm sadwa a pou defann evalyasyon ajans piblik la.

Evalyasyon Paran Mande:

Paran yo toujou gen dwa pou jwenn yon evalyasyon edikasyon endepandan nan men pwofesyonèl kalifye yo chwazi, ak pwòp depans nan pòch yo. Ekip IFSP/IEP an dwe konsidere enfòmasyon ki soti nan yon evalyasyon paran te mande ak depans prive, si li satisfè kritè ajans piblik la, lè yo ap pran nennpòt ki desizyon konsènan bay FAPE ba timoun nan. Rezilta yon evalyasyon prive paran te mande kapab tou sèvi kòm prèv nan yon odyans pou pwosè kòm sadwa konsènan timoun nan.

Demann yon Jij Administratif (ALJ) pou Evalyasyon:

Si yon jij Administratif (ALJ) nan Biwo pou Odyans Administratif (OAH) la mande yon evalyasyon edikasyon endepandan kòm yon pati nan yon odyans pou pwosè kòm sadwa, pri evalyasyon an dwe fèt ak depans leta.

Konfidansyalite Enfòmasyon

Paran yo gen dwa pou reli dosye pitit yo an epi mande ajans piblik la pou korije dosye pitit yo an si yo panse dosye yo pa kòrèk. Paran yo gen dwa dakò pou yo divilge enfòmasyon konsènan pitit yo an, men konsantman pa obligatwa nan kèk sikonstans. Paran yo gen dwa pou atann aske ajans piblik la kenbe dosye entèvansyon bonè oswa dosye edikasyon pitit yo an konfidansyèl epi mande ajans piblik la pou detwi enfòmasyon sou edikasyon pitit yo an lè li pa nesèsè ankò.

Definisyon:

Destriksyon vle di destriksyon fizik oswa retire idantifyan pèsònèl nan enfòmasyon pou enfòmasyon an yo pa kapab pèsònèlman idantifye li.

Dosye edikasyon vle di kalite dosye anba definisyon “dosye” edikasyon nan 34 C.F.R. Seksyon 99 (règleman ki ap aplike Dwa Fanmi pou Edikasyon ak Lwa sou Konfidansyalite [FERPA] 1974) tankou dosye pou entèvansyon bonè.

Ajans ki ap patisipe vle di nenpòt ki ajans oswa enstitisyon ki ap kolekte, kenbe, oswa itilize enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman, oswa ajans nan men yo te jwenn enfòmasyon, dapre Seksyon C oswa Seksyon B IDEA an.

Enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman se:

- Non timoun nan, paran timoun nan yomenm, oswa lòt manm fanmi;
- Adrès timoun nan;
- Yon idantifyan pèsònèl, tankou sekirite sosyal timoun nan; oswa
- Yon lis karakteristik pèsònèl oswa lòt enfòmasyon ki ta fasilite yo idantifye timoun nan prèske san fay.

Garanti:

Chak ajans ki ap patisipe dwe pwoteje karaktè konfidansyèl enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman lè yo ap kolekte, kenbe, divilge epi nan faz destriksyon an. Yon jan ofisyèl yon ajans piblik responsab pou pwoteje karaktè konfidansyèl enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman. Anplis kondisyon pou garanti sou pwosed yo, lwa federal, lwa Leta ak règleman pou gouvènènan jan yo pwoteje dosye edikasyon. Tout anplwaye ajans piblik ki kolekte oswa itilize enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman yo, dwe resevwa fòmasyon sou règleman ak pwosed Leta yo sou karaktè konfidansyèl enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman. Chak ajans ki ap patisipe dwe kenbe, pou enspeksyon piblik, yon lis ajou non ak pozisyon anplwaye anndan ajans la ki kapab genyen aksè a enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman.

Konsantman:

Ajans piblik la dwe jwenn konsantman paran anvan enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman divilge ba nenpòt ki moun ki pa yon ajans ofisyèl ki ap patisipe epi kolekte, oswa itilize enfòmasyon an dapre IDEA an, oswa pou nenpòt ki lòt rezon lòt pase satisfè kondisyon yo bay yon timoun enfim FAPE dapre IDEA an. Divilgasyon otorite pou ranfòsman lalwa ak otorite jidisyè abòde nan rekòmandasyon ak aksyon konsènan rapòte yon krim yon timoun enfim komèt, pa egzije konsantman paran danlamezi FERPA otorize transmisyon an.

Ajans piblik la kapab pa divilge enfòmasyon ki nan dosye edikasyon ajans ki ap patisipe yo san konsantman paran amwenske yo otorize pou fè sa dapre FERPA. MSDE te devlope règleman ak

pwosed- pou ajans piblik, tankou sanksyon, Leta itilize pou asire yo respekte règleman ak pwosed- li yo, epi yo respekte kondisyon pou konfidansyalite, annakò avèk IDEA epi FERPA.

Chak ajans piblik oblije genyen pwosed- ki deja tabli pou kijan yo bay avi kòm sadwa byen enfòmè paran yo sou kondisyon pou konfidansyalite enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman tankou:

- Dekri jan yo te bay avi an nan lang manman divès gwoup popilasyon nan Leta an;
- Dekri enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman sou timoun nan epi yo te kenbe, ak kalite enfòmasyon yo ap chèche;
- Rezime règleman ak pwosed- ajans ki ap patisipe yo dwe swiv konsènan enfòmasyon yo kapab idantifye pèsònèlman pou kenbe, divilge ba lòt moun, retni, ak detwi;
- Dekri règleman ak pwosed- yo itilize oka yon paran refize bay konsantman li; epi
- Dekri tout dwa paran yo ak timoun yo konsènan enfòmasyon sa a, tankou dwa dapre FERPA ak aplikasyon règleman nan 34 C.F.R. §99.

Anvan nenpòt ki gwo idantifikasyon, lokalizasyon oswa evalyasyon aktivite, yo dwe pibliye avi an oswa anonse sa nan jounal oswa lòt medya, oswa toulède, ki gen ase sikilasyon pou avize paran yo atravè jiridiksyon kote aktivite an ye.

Dwa Aksè:

Pou timoun ak fanmi yo kap resevwa sèvis entèvansyon bonè yo, anchèf ajans lokal la dwe founi paran yo yon kopi dosye entèvansyon bonè timoun yo a san peye. Chak ajans piblik dwe pèmèt paran yo enspekte epi reli nenpòt ki dosye edikasyon ki gen rapò ak pitit yo li te kolekte, kenbe, oswa te itilize konsènan idantifikasyon an, evalyasyon, epi plasman pou edikasyon pitit yo an, devlopman ak jan yo aplike IFSP an epi bay FAPE. Pou timoun ak fanmi yo kap resevwa sèvis atravè yon IFSP, ajans piblik la dwe respekte yon demann san reta initil epi anvan nenpòt ki reyinyon konsènan yon IFSP, oswa nenpòt ki odyans pwosè kòm sadwa, epi nan okenn ka plis pase 10 jou apre yo te fè demann la. Pou timoun ak fanmi yo kap resevwa sèvis atravè yon IEP, ajans piblik la dwe respekte yon demann san reta initil epi anvan nenpòt ki reyinyon konsènan yon IEP, oswa nenpòt ki odyans pwosè kòm sadwa, epi nan okenn ka plis pase 45 jou apre yo te fè demann la.

Pou timoun yo ki resevwa sèvis atravè yon IEP, ajan piblik la pral konfòm avèk yon demann san dele ki pa nesèsè epi anvan nenpòt rankont sou yon IEP, oswa odyans pwosed- epitou nan okenn ka plis pase 45 apre demann nan. Yon dwa paran pou enspekte epi re-li dosye edikasyon anba seksyon sa a gen ladan li yon dwa paran pou resevwa:

- Yon repons nan men ajans piblik la pou yon demann eksplikasyon ak entèpretasyon sou dosye yo ki rezonab;
- Yon demann pou ajans piblik la founi kopi dosye yo si li pa te founi kopi ki ta anpeche paran yo egzèsè toutbon dwa yo pou enspekte epi reli dosye yo; epi
- Fè reprezantan yon paran enspekte epi reli dosye yo.

Yon ajans piblik kapab sipoze paran yo genyen otorite pou enspekte epi reli dosye ki gen rapò ak pitit yo an amwenske yo te avize ajans piblik la sou yon paran ki pa genyen otorite dapre lwa Leta ki aplikab ki gouvènèn koze tankou gad, separasyon ak divès.

Dosye sou Aksè:

Chak ajans piblik dwe kenbe yon dosye moun, ki pa paran ak anplwaye otorize ajans piblik la, ki jwenn aksè a dosye edikasyon yo kolekte, kenbe oswa itilize dapre Seksyon C oswa Seksyon B IDEA an, tankou non moun nan, dat yo te bay yo aksè, ak poukisa yo te otorize moun nan itilize

dosye yo. Si nenpòt ki dosye edikasyon gen ladan li enfòmasyon sou plis pase yon timoun, paran timoun sa yo gen dwa pou enspekte epi reli sèlman enfòmasyon ki gen rapò ak pitit yo an oswa pou enfòmasyon sou enfòmasyon sila a. Chak ajans piblik dwe founi paran yo, si yo mande sa, yon lis kalite ak kote dosye edikasyon ajans piblik la te kolekte, mentni oswa te itilize. Chak ajans piblik kapab chaje yon frè lajan pou kopi dosye edikasyon yo fè pou paran yo si frè lajan an pa vreman anpeche paran yo egzèse dwa yo pou enspekte epi reli dosye sa yo. Yon ajans piblik kapab pa chaje yon frè lajan pou chèche oswa ranmase enfòmasyon nan dosye edikasyon.

Modifye Dosye si Paran Mande Sa:

Si yon paran kwè enfòmasyon ki nan dosye edikasyon ki te kolekte, mentni oswa itilize dapre IDEA an pa kòdyòm oswa fo oswa ankò vyole konfidansyalite oswa lòt dwa pitit yo an, paran an kapab mande ajans piblik la ki mentni enfòmasyon an, pou li chanje enfòmasyon an. Ajans piblik la dwe deside si li dwe chanje enfòmasyon an annakò avèk demann paran an nan yon delè rezonab ki ap resevwa demann lan. Si ajans piblik la refize chanje enfòmasyon an annakò avèk demann lan, li dwe enfòmasyon paran an sou refi an epi avize sou dwa paran yo pou jwenn yon odyans pou konteste enfòmasyon an nan dosye edikasyon. Yon odyans yo fè pou konteste enfòmasyon nan dosye edikasyon an dwe fèt annakò avèk pwosedi FERPA jan sa dekri nan 34 C.F.R. §99.22.

Ajans piblik la, si yo mande sa, dwe bay paran an yon okazyon pou yon odyans pou konteste enfòmasyon nan dosye edikasyon pou asire li pa enkòrèk, fo, oswa ankò vyole konfidansyalite oswa lòt dwa pitit ou an. Si, kòm rezilta odyans la, ajans piblik la deside si enfòmasyon an pa kòdyòm oswa fo oswa ankò vyole konfidansyalite oswa lòt dwa timoun nan, ajans piblik la dwe chanje enfòmasyon an, an konsekans epi enfòmasyon paran an sou chanjman an sou papye. Si, kòm rezilta odyans la, ajans piblik la deside enfòmasyon sa a pa enkòrèk oswa fo oswa ankò vyole konfidansyalite oswa lòt dwa timoun nan, li dwe enfòmasyon paran an sou dwa yo pou mete nan dosye li kenbe sou pitit yo an, yon komantè sou enfòmasyon an oswa deklare nenpòt ki rezon poutèt li pa dakò avèk desizyon ajans piblik la. Nenpòt ki eksplikasyon yo mete nan dosye pitit ou an dwe:

- Se ajans piblik la tankou manm dosye timoun nan depi dosye an oswa pòsyon yo konteste a se ajans piblik la ki mentni li; epi
- Divilge eksplikasyon ba nenpòt ki moun ki mande yon kopi dosye timoun nan oswa pòsyon yo konteste a.

Pwosed- pou Detwi Enfòmasyon:

Ajans piblik la oblije enfòmasyon paran yo lè li kolekte, mentni, oswa te itilize enfòmasyon yo kapab idantifye pèsonèlman dapre IDEA an, ki pa nesèsè ankò pou founi sèvis entèvansyon bonè oswa sèvis edikasyon ba pitit yo an. Enfòmasyon an dwe detwi lè paran yo mande sa. Men yon dosye pèmanan sou non, adrès, ak nimewo telefòn, klas timoun nan, dosye prezans li, klas li ale, nivo klas li fini, epi ane li fini kapab mentni san okenn limit tan.

Dwa Timoun:

Dapre règleman pou FERPA, dwa paran konsènan dosye edikasyon yon timoun transfere ba timoun nan yon fwa li vin genyen 18 an, amwenske enfimite timoun nan fè li pa konpetan dapre lwa Leta. Si dwa paran yo dapre Seksyon B IDEA transfere ba timoun ki vin majè an, dwa konsènan dosye edikasyon dwe transfere tou ba timoun nan. Men ajans piblik la dwe bay paran an ak timoun nan nenpòt ki avi ki nesèsè dapre IDEA. Tanpri konsilte “Transfè Dwa Paran yon Laj Majè” pou enfòmasyon pi detaye.

Enfòmasyon Disiplinè:

Yon ajans piblik kapab mete nan dosye yon timoun yon deklarasyon sou nenpòt ki mezi aktyèl oswa ansyen mezi sanksyon ki te pran kont timoun nan epi transmèt enfòmasyon disiplin; menm jan enfòmasyon sanksyon an ki ladan li, epi ki transmèt avèk dosye timoun ki pa enfim yo. Deklarasyon an kapab gen ladan li yon deskripsyon nenpòt ki konpòtman timoun nan ki te fè yo pran mezi sanksyon an, yon deskripsyon mezi sanksyon yo te pran, epi nenpòt ki lòt enfòmasyon ki te konvni pou sekirite timoun nan epi lòt moun ki nan rapò avèk timoun nan. Si timoun nan transfere soti nan yon lekòl pou ale nan yon lòt, nenpòt ki dosye transfere timoun nan dwe gen ladan li e IEP aktyèl timoun nan e nenpòt ki deklarasyon aktyèl oswa ansyen mezi sanksyon yo te pran kont timoun nan.

Pini Timoun ki Enfim

Enfòmasyon pi ba la a aplike pou timoun ki enfim yo, laj 3 zan jiska 21 an, ki ap resevwa sèvis atravè yon IFSP oswa IEP Pwolonje.

Paran yo gen dwa pou pwosedi spesyal ak pwoteksyon si ajans piblik la pran kèk mezi sanksyon kont pitit yo an. Yon ajans piblik dwe bay yon timoun sèvis edikasyon, apre yo retire timoun nan pou plis pase 10 jou nan yon ane lekòl pou vyolasyon kòd konpòtman yon elèv.

Definisyon:

Pou pati sa a, men definisyon ki aplike:

- Sibstans kontwole vle di yon medikaman oswa lòt sibstans yo idantifye dapre orè I, II, III, IV, oswa V nan seksyon 202(c) Lwa sou Sibstans Kontwole (21 U.S.C. 812(c)).
- Dwòg ilegal vle di yon sibstans kontwole, men ki pa gen ladan li yon sibstans ki te legalman an posesyon moun oswa ki te itilize anba sipèvizyon yon pwofesyonèl swen sante ki otorize oswa ki yo te posede dapre lalwa oswa yo te itilize anba nenpòt ki lòt otorite dapre IDEA an oswa dapre nenpòt ki lòt lwa federal.
- Zam gen menm siyifikasyon ak “zam danjere” dapre paragaf (2) premye souseksyon (g) seksyon 930 tit 18, Kòd Ameriken an.
- Blese grav sou kò vle di yon blese sou kò ki genyen yon gwo danje lanmò, doulè fizik ekstrèm, pwolonje epi defigire karebare, oswa pèdi sans pwolonje nan yon manm kò moun, yon ògàn, oswa fakilte mantal (18 U.S.C. 13645(h)(3)).

Otorite Pèsonèl Lekòl:

Anplwaye lekòl kapab wete yon timoun enfim ki vyole kòd konduit pou pa plis pase 10 jou lekòl yon grenn fwa pou chak vyolasyon, annakò avèk règleman sou sanksyon ki itilize pou tout timoun, amwenske yo detèmine retire li reprezante yon chanjman nan plasman soti nan plasman aktyèl pou ale nan edikasyon an:

- Yon lòt kad pwovizwa pou edikasyon;
- Yon lòt kad; oswa
- Sispansyon.

Lè retrè yo vini akimile, (10 jou oswa mwens chak fwa) jiska plis pase 10 jou nan yon ane lekòl, ekip IFSP oswa IEP timoun nan detèmine mezi sèvis yo bezwen pou pèmèt pitit ou an patisipe nan pwogram jeneral la epi atenn objektif IEP li yo.

Anplwaye lekòl kapab konsidere sikonstans inik pou chak ka pou detèmine si yon chanjman nan yon plasman kòrèk pou yon timoun enfim ki vyole kòd konpòtman. Chanjman nan plasman gen ladan li retire timoun nan pou plis pase 10 jou konsekitif oswa yon seri retire ki reprezante yon tandans. Lè rezilta mezi sanksyon abouti sou yon chanjman plasman, ajans piblik la avize menm jou li ap pran desizyon an epi li dwe gen ladan li dokiman sou garanti pwosedè yo.

Montre Detèminasyon:

Nan 10 jou lekòl nenpòt ki desizyon pou chanje plasman an poutèt yon vyolasyon kòd konpòtman, paran an ak ekip IFSP oswa ekip IEP timoun nandwe reli tout relevant enfòmasyon nan timoun nan file, tankou his/her IFSP oswa IEP li nenpòt ki obsèvasyon pwofesè epi nenpòt ki enfòmasyon pètinan paran an bay, pou detèmine si konpòtman an sila a te:

- Rezilta oswa te genyen yon gwo rapò dirèk ak enfimite timoun nan; oswa
- Rezilta dirèk dèske ajans piblik la pa te aplike IFSP oswa IEP timoun nan.

Si ekip IEP an detèmine youn nan deklarasyon pi wo la a aplikab, yo dwe konkli konpòtman an se youn siy enfimite timoun nan.

Si konpòtman an te youn siy enfimite timoun nan, ekip IFSP an oswa ekip IEP dwe:

- Fè yon egzamen konpòtman fonksyonèl epi aplike plan entèvansyon konpòtman pou timoun nan, si ajans piblik la pa te deja fè sa;
- Reegzaminen plan entèvansyon pou konpòtman timoun nan si li deja genyen yon plan konsa epi si li chanje li, kòm sadwa pou abòde konpòtman an; epi
- Retounen timoun nan pou plasman kote yo te wete li an, amwenske paran yo ak ajans piblik la dakò pou yon chanjman plasman kòm yon jan pou chanje plan entèvansyon nan konpòtman timoun nan sòf lè yo te wete timoun nan mete li nan yon lòt kad pou edikasyon pwovizwa poutèt medikaman, zam oswa blese grav nan kò.

Si konpòtman an pa youn siy enfimite timoun nan, anplwaye lekòl kapab pini timoun nan menm jan ak lòt timoun yo, sòf lè sèvis edikasyon apwopriye dwe ap kontinye.

Chanjman nan Plasman:

Lè yo wete yon timoun pou plis pase 10 jou, sa abouti sou yon chanjman nan plasman, si oswa kèlkeswa konpòtman an se youn siy enfimite, oswa lè yo wete yon timoun pou lòt kad pwovizwa edikasyon (IAES) pou medikaman, zam oswa blese grav sou kò, timoun nan kontinye ap resevwa sèvis pou pèmèt li kontinye ap patisipe nan pwogram jeneral edikasyon menmsi nan yon lòt kad epi pou avanse nan satisfè objektif yo tabli nan IEP li an. Timoun nan dwe resevwa tou, si sa nesesè, yon egzamen konpòtman fonksyonèl ak sèvis entèvansyon nan konpòtman ak chanjman ki fèt pou abòde konpòtman an ak vyolasyon pou li pa repete ankò. Ekip IEP an detèmine sèvis ki konvni epi kote yo pral bay sèvis yo.

Lòt Kad Pwovizwa pou Edikasyon:

Anplwaye lekòl kapab wete yon timoun pou yon lòt kad pwovizwa pou edikasyon jiska 45 jou lekòl san yo pa konsidere si yo detèmine konpòtman an se youn siy enfimite timoun nan, nan ka kote timoun nan:

- Pote oswa posede yon zam swa nan lekòl, sou lakou lekòl, oswa nan yon aktivite lekòl anba jiridiksyon yon Leta oubyen ajans piblik lokal;

- Posede oswa itilize dwòg ilegal, oswa vann oswa rakole vant yon sibstans ki kontwole, pandan li nan lekòl, sou lakou lekòl, oswa nan yon aktivite lekòl anba jiridiksyon yon Leta oswa ajans piblik lokal; oswa
- Lakòz blesi grav sou kò yon lòt moun pandan li nan lekòl, sou lakou lekòl, oswa nan yon aktivite lekòl anba jiridiksyon yon Leta oswa ajans piblik lokal.

Fè Apèl sou Aksyon Disiplinè:

Si paran yo pa dakò avèk yon desizyon konsènan yon siy detèminasyon oswa avèk nenpòt ki desizyon konsènan plasman pou mezi sanksyon, paran yo kapab depoze plent pou yon pwosè kòm sadwa bòkote Biwo pou Odyans Administratif (OAH) la ak ajans piblik la. Si ajans piblik la kwè mentni plasman aktyèl timoun nan kapab abouti sou yon aksidan sou timoun nan oswa lòt timoun, ajans piblik la kapab depoze plent pou yon pwosè kòm sadwa bòkote OAH ak paran yo.

Yon Jij Administratif (ALJ), ki ap swiv pwosedi yo dekri nan seksyon “Rezoud Dezakò” dokiman sa a, mennen odyans pwosè kòm sadwa an. Odyans la dwe fèt nan 20^{yèm} jou lekòl nan dat plent pou pwosè kòm sadwa a te depoze epi li dwe abouti sou yon desizyon nan 10 jou lekòl apre odyans la.

Nan pran desizyon sou yon apèl pou sanksyon ALJ an kapab:

- Retounen timoun nan pou plasman an kote yo te wete li an; oswa
- Òdonnen yon chanjman nan plasman timoun nan pou yon lòt kòd pwovizwa sou edikasyon ki apwopriye pou pa plis pase 45 jou lekòl si ALJ an detèmine mentni plasman aktyèl timoun nan kapab abouti sou yon aksidan sou timoun nan oswa lòt timoun.

Lè swa paran yo oswa ajans piblik la tanmen yon plent pou yon pwosè kòm sadwa, timoun nan rete nan lòt kòd pwovizwa pou edikasyon annatandan desizyon ALJ an oswa jouktan peryòd tan an fin ekspire (pa plis pase 45 jou lekòl), kèlkeswa sa ki vini an premye an, sòfsi paran yo ak ajans piblik la ta dakò.

Timoun nan Poko Deklare Elijib:

Timoun ki pa te deklare elijib pou edikasyon espesyal epi ki genyen yon konpòtman ki vyole nenpòt ki règleman oswa kòd konpòtman kapab site nenpòt ki pwoteksyon ki founi, si ajans piblik la te konnen timoun nan te enfim anvan konpòtman an te manifeste. Ajans piblik la konnen si, anvan konpòtman debouche sou mezi sanksyon an te rive:

- Paran yo te eksprime enkyetid sou papyè, pitit yo an bezwen sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye, pou anplwaye ajans piblik la sipèvizè oswa administratè, oswa yon pwofesè timoun nan;
- Paran yo te mande yon evalyasyon; oswa
- Pwofesè timoun nan oswa lòt anplwaye lekòl te eksprime enkyetid spesyal konsènan yon tandans konpòtman timoun nan te demontre, dirèteman devan direktè edikasyon espesyal oswa lòt anplwaye ajans piblik la ki ap sipèvizè.

Ajans piblik la pa te konsidere okouran si:

- Paran yo refize pèmèt ajans piblik la evalye pitit yo an;
- Paran yo refize pèmèt ajans piblik la founi sèvis edikasyon espesyal oswa
- Yo te evalye timoun nan epi yo detèminen li pa te yon timoun enfim dapre IDEA.

Si ajans piblik la pa okouran yon timoun gen yon enfimite anvan li pran mezi sanksyon, timoun nan kapab sibi menm mezi sanksyon ak yon timoun ki pa enfim ki adopte konpòtman konsa.

Si yon paran mande yon evalyasyon, pandan peryòd tan kote pitit yo an ap sibi mezi sanksyon, evalyasyon an dwe fèt pi vit. Annatandan rezilta yo, timoun nan rete nan plasman pou edikasyon otorite lekòl yo te deside a. Si, dapre evalyasyon ajans piblik la ak enfòmasyon paran yo, te founi, yo detèminen timoun nan se yon timoun ki enfim, ajans piblik la fèt pou bay sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye epi tout garanti sou pwosedi yo aplike, konsènan pini timoun ki enfim.

Refere ba epi Aksyon Otorite pou Aplike Lalwa ak Otorite Jidisyè Yo:

IDEA pa entèdi ajans piblik rapòte yon krim ba otorite konsène yo ak otorite pou ranfòse lalwa. Otorite jidisyè kapab egzèse responsablite yo nan aplike lwa federal ak lwa Leta pou krim yon timoun ki enfim komèt. Nenpòt ki ajans ki rapòte yon krim dwe bay timoun nan kopi dosye edikasyon espesyal ak dosye sanksyon yo ba otorite konsène yo jan COMAR 13A.08.02 mande sa, Dosye Elèv, avèk konsantman paran, oswa annakò avèk eksepsyon avèk konsantman paran ki site nan règleman an.

Plasman Timoun Paran Yo Fè pou Kont Yo nan Lekòl Prive ak Depans Leta

IDEA pa mande yon ajans piblik pou peye pou pri edikasyon, tankou sèvis entèvansyon bonè oswa edikasyon espesyal ak sèvis asosye, yon timoun enfim nan yon lekòl prive si ajans piblik la mete yon edikasyon piblik gratis epi ki kòdyòm (FAPE) disponib epi paran an te chwazi pou mete pitit yo an nan yon lekòl prive.

IDEA pa egzije yon ajans piblik pou li peye pou pri edikasyon, tankou sèvis edikasyon espesyal ak sèvis asosye, yon timoun enfim nan yon lekòl prive si ajans piblik la te mete yon edikasyon piblik gratis epi ki kòdyòm (FAPE) disponib epi paran yo te chwazi pou mete pitit yo an nan yon lekòl prive. Men ajans piblik la dwe gen ladan li timoun nan nan popilasyon timoun paran yomenm mete nan lekòl prive, annakò avèk règleman federal la. Dezakò ant paran yo ak ajans piblik la konsènan disponiblite FAPE ak responsablite finansyè depann de pwosedi plent pou pwosè kòm sadwa a selon IDEA. Tanpri konsilte seksyon “Rezoud Dezakò” pou enfòmasyon pi detaye.

Si yon timoun enfim te deja resevwa edikasyon espesyal ak sèvis asosye anba otorite yon ajans piblik, epi paran yo anwole pitit yo an nan yon lekòl matènèl prive, lekòl elemantè oswa segondè san konsantman oswa rekòmandasyon ajans piblik la, yon ALJ oswa yon tribinal, kapab egzije ajans piblik la pou ranbouse paran yo pou pri anwolman sa a si yon ALJ oswa yon tribinal dekouvri ajans piblik la pa te mete FAPE disponib ba timoun nan atan, anvan anwolman sa a, epi plasman prive an kòrèk. Yon ALJ oswa yon tribinal kapab jwenn plasman paran fè te apwopriye menm si li pa satisfè estanda Leta ki aplike pou edikasyon ajans piblik la founi.

Limit sou Ranbousman:

Yon ALJ oswa yon tribinal kapab diminye oswa refize ranbouse si:

- Nan tou dènye reyinyon Ekip IEP paran yo te la anvan yo wete pitit yo an nan lekòl piblik, paran yo pa te enfòm ekip IEP an yo te ap rejte plasman ajans piblik la te pwopoze pou founi FAPE, tankou deklare enkyetid yo ak entansyon yo pou anwole pitit yo an nan yon lekòl prive ak depans leta; oswa

- Omwen di (10) jou ouvrab (tankou nenpòt ki jou ouvrab ki tonbe sou yon jou konje) anvan paran yo te wete pitit yo an nan lekòl piblik, paran yo pa te bay ajans piblik lan avi sou papye sou entansyon yo pou wete pitit yo an, tankou enkyetid pa yo konsènan pitit yo an nan plasman piblik; oswa
- Si anvan paran yo retire pitit yo an nan lekòl piblik, ajans piblik la enfòmè paran yomenm, atravè avi sou papye anvan sa kondisyon sou entansyon lekòl la pou evalye pitit yo an (tankou yon deklarasyon sou poukisa evalyasyon an te apwopriye epi fè sans), men paran yo pa te mete pitit yo an disponib pou evalyasyon an; oswa
- Apre tribinal la konkli zak paran yo pa rezonab.

Malgre avi sou kondisyon yo dekri pi wo la a, pri ranbousman:

- Pa dwe diminye ni refize ba paran ki pa founi yon pyès konsa, si:
 - Ajans piblik la te anpeche paran yo bay yon avi,
 - Paran yo pa te resevwa avi sou papye, dapre IDEA an avi sou kondisyon yo dekri pi wo la a,
 - Respè avi sou kondisyon ta abouti sou aksidan fizik ka timoun nan, epi
- Kapab, jan yon tribinal oswa yon ALJ va deside sa, pa diminye ni refize poutèt yo pa te founi yon pyès konsa si:
 - Paran yo pa konn li epi yo pa kapab ekri an Angle, oswa
 - Respè avi an jan yo dekri pi wo la a ta abouti sou yon domaj emosyonèl grav pou timoun nan.

TRANSFÈ DWA PARAN NAN LAJ MAJÈ

Nan Maryland, dwa paran pa transfere pou timoun ki enfim yo lè yo vini majè, sòf selon kèk sikonstans.

Dapre lalwa Maryland, nan kèk sikonstans limite, tout dwa yo bay paran yo dapre IDEA dwe transfere ba yon timoun ki enfim. Transfè sa a fèt lè timoun nan vini gen 18 an, si timoun nan yo pa te konsidere li enkonpetan dapre lwa Leta epi gen dokimantasyon:

- Paran yo pa disponib oswa yo pa konnen yo, epi timoun nan mande dwa paran dwe transfere ba timoun nan pase pou nonmen yon paran ranplasan;
- Paran yo pa patisipe nan pwosesis pran desizyon sou edikasyon espesyal timoun nan apre plizyè tantativ ajans piblik la te fè pou nan ane anvan an pou enkli paran yo;
- Paran yo te refize patisipe nan pwosesis pran desizyon sou edikasyon espesyal la;
- Paran yo pa kapab patisipe nan pwosesis pran desizyon sou edikasyon espesyal akòz yo te lopital pandan lontan, nan azil oswa poutèt maladi grav oswa enfimite swa youn oswa toulède paran yo epi paran yo te konsanti pou transfè dwa ba timoun nan;
- Paran yo pa kapab patisipe nan pwosesis pran desizyon sou edikasyon espesyal poutèt sikonstans ekstraòdinè ki depase kontwòl yo, epi paran yo te konsanti pou transfere dwa ba timoun nan; oswa
- Timoun nan ap viv andeyò kay paran yo epi yo pa nan swen oswa anba gad yon lòt ajans piblik.

Si paran yon timoun ki enfim ap viv avèk timoun nan, pa konsanti pou transfere dwa ba timoun nan a 18 an, epi timoun nan pa te deklare enkonpetan dapre lwa Leta, nenpòt ki pati konsène a kapab depoze plent pou yon pwosè kòm sadwa pou detèminen si dwa yo dwe transfere.

Si yon timoun enfim te reprezante pa yon paran ranplasan annakò avèk lwa federal ak lwa Leta ansanm ak règleman, ajans piblik la dwe founi nenpòt ki avi sou papyè obligatwa dapre lwa federal ak lwa Leta epi règleman pou toulède timoun nan ak paran ranplasan. Tout lòt dwa yo bay paran an ranplasan dapre IDEA dwe transfere ba timoun nan si yo pa te deklare timoun nan enkonpetan dapre lalwa Leta epi timoun nan mande transfè dwa sa a.

REZOUZ DEZAKÒ

Pwosedi sa a dekri pwosesis ki disponib pou paran yo epi ajans piblik la rezoud dezakò konsènan yon pwogram entèvansyon bonè oswa edikasyon espesyal timoun nan ak sèvis asosye. Opsyon sa yo gen ladan yo medyasyon, Plent Leta, ak plent pou pwosè kòmsadwa.

Medyasyon:

Medyasyon se yon pwosesis ki kapab itilize pou rezoud dezakò ant paran yon timoun enfim ak ajans piblik ki responsab pou edikasyon timoun nan.

Si pandan yon gwoup reyinyon IEP, yon paran pa dakò avèk IEP pitit li oswa sèvis edikasyon espesyal yo te bay pitit li a, gwoup IEP a pral bay paran an nan yon langaj ki klè:

- Yon eksplikasyon aloral epi alekri sou dwa paran an pou mande pou medyasyon
- Enfòmasyon sou kontak ki genyen ladan li, yon nimewo telefòn, paran an kapab sèvi pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis medyasyon an; epitou
- Enfòmasyon konsènan reprezantasyon gratis ak lòt sèvis legal abapri ak lòt sèvis nan zòn nan ki genyen rapo avèk sa.

Paran yo dwe mande pou yo tradui enfòmasyon sou medyasyon an nan lang natif natal li. Si yo pale lang natif natal paran an plis pase en pousan (1%) nan total elèv yo ki nan sistèm lekòl lokal la, anplwaye responsab nan lekòl la dwe bay paran an tradiksyon dokiman nan 30 jou ki swiv dat demann nan.

Yon anplwaye Biwo pou Odyans Administratif (OAH) ki kalifye epi antrenen nan teknik pou medyasyon efektif dirije medyasyon an. Moun nan se OAH ki seleksyonnen li epi li pa pral genyen yon konfli enterè pèsonèl oswa konfli enterè pwofesyonèl.

- Medyasyon gratis ba paran an oswa ajans piblik responsab pou timoun nan entèvansyon bonè oswa edikasyon, tankou pri yon reyinyon avèk paran yo pou ankouraje medyasyon.
- Yon demann pou medyasyon fèt pou ajans piblik la responsab pou entèvansyon bonè oswa edikasyon timoun nan ak OAH. Pou ede paran yo depoze, yon fòmilè demann pou medyasyon disponib nan ajans piblik la ak sou sit Entènèt MSDE an nan www.marylandpublicschools.org. Pou plis asistans, kontakte Biwo Edikasyon Espesyal oswa Divizyon Edikasyon Espesyal/Sèvis Entèvansyon Bonè ajans piblik la, MSDE nan 410-767-7770.
- Yon avoka kapab akonpaye paran yo oswa ajans piblik la epi avize li pandan medyasyon.
- Yon sesyon medyasyon pral fèt anjeneral nan 20 jou apre yo resevwa yon demann sou papyè yon kote ki fasil pou paran yo epi ajans piblik la.
- Fè sesyon medyasyon se pwosè ki fèmèn. Diskisyon ki rive pandan medyasyon dwe konfidansyèl epi yo pa kapab itilize yo kòm prèv nan okenn lòt odyans pou pwosè kòmsadwa oswa aksyon sivil. Yo kapab mande paran yo oswa ajans piblik la pou siyen yon sèman konfidansyalite anvan medyasyon an kòmanse.

- Yon akò tout pati konsène an yo rive jwenn pandan medyasyon dwe tabli nan yon akò ekri ki aplikab nan nenpòt ki Leta Tribinal ki gen otorite pou tande kalite ka konsa oswa nan yon tribinal federal.
- Yon ajans piblik kapab pa itilize medyasyon pou refize oswa retade yon dwa paran pou yon odyans sou yon plent paran pou pwosè kòmsadwa

Reyinyon pou Ankouraje Fè Medyasyon:

Yon ajans piblik kapab ofri paran yomenm, ki chwazi pa itilize pwosesis pou medyasyon an, pou rankontre yon fwa nan yon kote ki fasil pou paran yomenm, eksplike avantaj pwosesis medyasyon an epi ankouraje paran yo itilize pwosesis la.

Diferans ant yon Plent Leta ak yon Plent pou Pwosè Kòmsadwa:

Anplis medyasyon, paran yo gen dwa pou itilize pwosesis pou plent Leta oswa pwosesis pou pwosè kòmsadwa pou rezoud dezakò avèk ajans piblik la. Opsyon sa yo genyen diferan règleman ak pwosedi.

Règleman IDEA a genyen pwosedi separe pou Plent Leta ak plent pou pwosè kòmsadwa. Jan yo eksplike pi ba la a, nenpòt ki moun oswa òganizasyon kapab depoze yon plent Leta pou yon vyolasyon nenpòt ki kondisyon IDEA yon ajans piblik ta vyole. Sèlman yon paran oswa yon ajans piblik kapab depoze plent pou yon pwosè kòmsadwa sou nenpòt ki koze ki gen rapò ak idantifikasyon an, evalyasyon, sèvis entèvansyon bonè oswa plasman pou edikasyon timoun ki enfim, oswa bay yon edikasyon piblik gratis epi ki kòdyòm (FAPE) ba timoun nan.

Anplwaye MSDE anjeneral dwe rezoud yon plent Leta nan 60 jou kalandriye, amwenske kalandriye an te pwolonje kòmsadwa. Yon ALJ dwe tande plent pou yon pwosè kòmsadwa (si li pa rezoud atravè yon reyinyon rezolisyon oswa atravè medyasyon) epi pibliye yon desizyon ekri nan 45 jou kalandriye apre peryòd pou rezolisyon an te fini pase, amwenske ALJ bay yon ekstansyon kalandriye spesifik lè yon paran mande sa, oswa lè ajans piblik la mande sa.

Pou yon apèsi ak konparezon opsyon sa yo, konsilte Pyès Anekse a dokiman sa a.

Plent Leta:

Moun epi òganizasyon gen dwa pou depoze yon Plent Leta bòkote Depatman Edikasyon Leta Maryland lan (MSDE). Pou Leta mennen yon ankèt, plent ekri an dwe satisfè kritè spesifik jan yo mande sa nan règleman IDEA a.

Si yon moun oswa yon òganizasyon kwè yon ajans piblik te vyole yon lwa federal oswa lwa Leta oswa yon règleman konsènan yon kondisyon pou entèvansyon bonè oswa edikasyon espesyal, oswa yon ajans piblik pa te aplike, yon desizyon odyans pou pwosè kòmsadwa, yo kapab depoze yon plent Leta. Plent la dwe depoze bòkote MSDE epi dwe adrese a Assistant State Superintendent, Division of Special Education/Early Intervention Services, MSDE, 200 West Baltimore Street, Baltimore, Maryland 21201. Moun oswa òganizasyon ki depoze yon plent Leta bòkote MSDE dwe voye tou yon kopi plent pou ajans piblik an menm tan. Pou ede moun depoze plent, pwosedi detaye ak yon fòmilè disponib sou sit Entènèt MSDE an nan www.marylandpublicschools.org, oswa rele Envestigasyon pou Plent Divizyon an ak Biwo pou Pwosè Kòmsadwa nan nimewo 410-767-7770.

Plent Leta dwe genyen:

- Yon deklarasyon ajans piblik la te vyole yon kondisyon federal owsal lalwa Leta oswa yon règleman;
- Sou kisa deklarasyon an baze;
- Siyati ak enfòmasyon pou kontakte moun oswa òganizasyon ki ap dezpoze plent Leta an; epi
- Si Plent Leta a akize sou yon vyolasyon konsènan yon timoun spesifik:
 - Non ak adrès rezidans timoun nan;
 - Non lekòl timoun nan ap frekante;
 - Nan ka yon timoun oswa yon jèn moun ki pa gen kay, enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan, ak non lekòl timoun nan ap frekante;
 - Yon deskripsyon sou kalite pwoblèm timoun nan, tankou zak ki gen rapò ak pwoblèm; epi
 - Yon pwopozisyon pou rezoud pwoblèm lan si sa posib epi disponib pou Lòt pati konsène a nan moman yo ap depoze plent Leta an.

Yon plent Leta dwe akize yon vyolasyon ki te rive pa plis pase yon ane anvan Leta ki ap resevwa plent la. MSDE dwe pibliye rezilta yo nan 60 jou kalandriye yo resevwa plent Leta, epi li kapab pwolonje 60 jou kalandriye yo si:

- Sikonstans ra egziste konsènan yon plent espesyal; oswa
- Paran an ak ajans piblik konsène yo te dakò volontèman pou pwolonje lè pou eseye fè medyasyon oswa lòt bagay vle di rezoud dezakò.

Pou pi piti, MSDE dwe:

- Mennen yon ankèt apa sou teren, si li deside sa nesèsè;
- Founi moun k'ap pote plent la okazyon pou soumèt lòt enfòmasyon, swa nan bouch oswa sou papye, konsènan akizasyon ki nan Plent Leta;
- Reegzaminen tout enfòmasyon itil epi pran yon desizyon apa konsènan si yon ajans piblik te vyole kondisyon federal ak lwa Leta; epi
- Rann yon desizyon ekri pou moun k'ap pote plent la ak ajans piblik la ki ap abòde chak akizasyon nan plent la epi genyen rezilta ak konklizyon yo.

Desizyon an pral gen ladan li tou rezon pou dènye desizyon epi pwosed pou aplikasyon toutbon dènye desizyon an, si sa nesèsè, tankou asistans teknik pou aktivite an, negosyasyon, epi mezi koreksyon pou asire respè. Si MSDE detèmine yon ajans piblik pa te founi sèvis ki konvni, dènye desizyon sou papye an dwe abòde kijan yon ajans piblik pral konpanse sèvis apwopriye yo refize bay pou bezwen timoun nan, ak sèvis alavni ki apwopriye pou tout timoun enfim.

Jan pou Rezoud yon Plent Leta:

Medyasyon ak lòt metòd mwen fòmèl pou rezoud dezakò kapab disponib epi yo ankouraje yo. Si pati konsène yo rezoud plent lan, MSDE pa bezwen mennen yon ankèt dapre règleman federal la.

Jan pou Rezoud yon Plent Leta ki se Sijè yon Odyans Tribinal sou Pwosè Kòmsadwa:

Si MSDE resevwa yon plent Leta ki fè pati tou yon odyans pwosè kòmsadwa, oswa si yon plent Leta gen plizyè koze ki fè pati yon odyans, MSDE dwe mete sou kote nenpòt ki pati yon Plent Leta yo ap abòde nan odyans pou pwosè kòmsadwa an jouktan yo atenn konklizyon odyans pwosè kòmsadwa a. Men nenpòt ki koze nan Plent Leta a ki pa fè pati yon odyans pou pwosè kòmsadwa dwe rezoud avèk kalandriye ak pwosedi yo dekri pi wo la a. Si yon pwen yo sòlve nan yon plent Leta yo te deja deside sou li nan yon odyans pwosè kòmsadwa, avèk menm pati konsène yo, desizyon odyans la makònen yo ansanm, epi MSDE dwe enfòmè plentif la sou sa.

Plent pou Pwosè Kòmsadwa:

Paran an oswa yon ajans piblik kapab depoze plent pou yon pwosè kòmsadwa sou nenpòt ki koze ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, sèvis entèvansyon bonè oswa plasman pou edikasyon, oswa bay yon edikasyon piblik gratis epi ki kòdyòm (FAPE) ba yon timoun.

Plent pou pwosè kòmsadwa dwe akize yon vyolasyon ki te rive pa plis pase de zan anvan paran an oswa ajans piblik la te okouran oswa te dwe konnen konsènan zak akizasyon an ki reprezante baz plent pou pwosè kòmsadwa a.

Kalandriye sa a pa aplike si paran an pa te depoze plent pou yon pwosè kòmsadwa nan kalandriye paske ajans piblik la te espesyalman deklare kòmkiwa li te rezoud koze yo idantifye nan plent pou pwosè kòmsadwa a, oswa ajans piblik la te refize bay paran an enfòmasyon li te oblije pou founi dapre IDEA.

Pou depoze yon plent pou pwosè kòmsadwa, paran an oswa ajans piblik la (oswa yon avoka paran an oswa avoka ajans piblik la) dwe soumèt plent pou yon pwosè kòmsadwa ba lòt pati konsène a epi ba OAH. Plent la dwe gen ladan li tout kontni ki sou lis pi ba la a epi yo dwe kenbe li konfidansyèl.

Pou asiste paran yo depoze yon plent pou pwosè kòmsadwa, yon fòmilè Mande Medyasyon epi Plent pou Pwosè Kòmsadwa disponib nan ajans piblik la kote yo bay sèvis entèvansyon bonè, kote timoun nan frekante lekòl, epi sou sit Entènèt MSDE a www.marylandpublicschools.org. Pou plis asistans, kontakte biwo sèvis entèvansyon bonè ajans piblik la, oswa MSDE Division of Special Education and Early Intervention Services nan (410) 767-7770.

Kontn Plent pou Pwosè Kòmsadwa :

Plent pou pwosè kòmsadwa dwe gen ladan li:

- Non timoun nan;
- Adrès kay timoun nan (oswa, pou yon timoun san kay, enfòmasyon kontak ki disponib);
- Non lekòl timoun nan ap frekante;
- Non ajans piblik ki responsab pou edikasyon timoun nan (sètadi, sistèm lekòl lokal);
- Yon deskripsyon pwoblèm timoun nan ki gen rapò ak kòmansman oswa chanjman yo te pwopoze oswa refize itilize a, tankou aksyon ki gen rapò ak pwoblèm la; epi

- Yon pwopozisyon pou rezoud pwoblèm lan danlamezi yo konnen sa, epi sa disponib, pou pati konsène an nan moman plent la.

Paran an oswa ajans piblik la kapab pa genyen yon odyans pou pwosè kòm sadwa jouktan paran an oswa ajans piblik la (oswa yon paran avoka oswa avoka ajans piblik la), depoze plent pou yon pwosè kòm sadwa ki gen ladan li enfòmasyon sa a.

Repons yon Plent pou Pwosè Kòm sadwa:

Lè yon parti depoze yon plent pou pwosè kòm sadwa, ajans piblik la responsab sèvis entèvansyon bonè ak edikasyon timoun nan dwe:

- Enfòmè paran an sou pri legal gratis oswa pri legal ki ba epi sou lòt sèvis ki disponib epi ki itil;
- Bay paran an yon kopi dokiman garanti sou pwosedè yo; epi
- Enfòmè paran an si yo kapab fè medyasyon.

Si ajans piblik la pa te voye yon avi sou papyè anvan sa pou paran yo konsènan koze paran an te souleve nan plent pou pwosè kòm sadwa a, ajans piblik la dwe voye ba paran an yon repons, nan 10 jou apre yo te resevwa plent pou pwosè kòm sadwa a, ki genyen:

- Yon eksplikasyon poukisa ajans piblik la pwopoze oswa refize pran aksyon;
- Yon deskripsyon nenpòt ki lòt opsyon ajans piblik la te konsidere ansanm ak rezon poukisa yo te refize opsyon sa yo;
- Yon deklarasyon paran yon timoun enfim genyen pwoteksyon anba garanti pwosedè yo Lòt pati konsène a epi, si avi sa a pa yon premye rekòmandasyon pou evalyasyon, jan yo kapab jwenn kopi garanti sou pwosedè yo; epi
- Sous pou paran yo kontakte pou jwenn asistans nan pou konprann IDEA an.

Repons sa a pa anpeche ajans piblik la deklare yon plent paran pou pwosè kòm sadwa pa te ase, selon ka an.

Lòt pati konsène nan plent pou yon pwosè kòm sadwa a (paran oswa yon ajans piblik) dwe voye yon repons ba lòt pati konsène a ki abòde espesyalman koze nan plent pou pwosè kòm sadwa a, nan 10 jou kalandriye apre yo te resevwa plent pou pwosè kòm sadwa a.

Avi an Ase:

Yo konsidere plent pou pwosè kòm sadwa a ase amwenske pati ki ap resevwa plent la avize OAH ak lòt pati konsène a sou papyè nan 15 jou apre pati konsène ki ap resevwa a kwè plent pou pwosè kòm sadwa a pa satisfè kondisyon sou kontni. Nan senk (5) jou apre yo resevwa avi sou mankman an, OAH pral detèminen si plent pou pwosè kòm sadwa a te satisfè kondisyon sou kontni epi yo te avèti touswit pati konsène yo sou papyè.

Yon pati konsène kapab chanje plent pou pwosè kòm sadwa li an sèlman si lòt pati konsène a konsanti sou papyè epi yo ba li opòtinite pou rezoud koze a atravè yon reyinyon pou rezolisyon jan yo note sa pi ba la a; oswa OAH bay pèmision pa pita pase senk (5) jou anvan yon odyans pou pwosè kòm sadwa fèt. Kalandriye pou reyinyon pou rezolisyon epi odyans pou pwosè kòm sadwa kòm anse ankò avèk plent modifiye epi depoze an pou pwosè kòm sadwa.

Kondition Timoun nan Pandan Pwosè:

Pandan nenpòt ki pwosè administratif oswa pwosè lajistis ki annatant (sòf jan yo prevwa nan seksyon disiplin lan), amwenske paran an epi ajans piblik la dakò pou sa, timoun nan dwe rete nan plasman entèvansyon bonè oswa plasman pou edikasyon kote li ye a. Si pwosè an te kouvri yon premye aplikasyon pou yon premye admisyon nan lekòl piblik, timoun nan, avèk konsantman paran, dwe plase nan yon pwogram piblik jouktan tout pwosè kaba. Si desizyon yon ALJ dakò avèk paran yo chanje sèvis entèvansyon bonè oswa plasman edikasyon, sa kòrèk, plasman sa a vini plasman aktyèl timoun nan pandan lòt pwosè apèl ap vini annatant.

Pwosesis pou Rezolisyon:

Nan 15 jou kalandriye apre li resevwa yon plent yon paran pou pwosè kòm sadwa, epi anvan odyans pou pwosè kòm sadwa a kòmanse, ajans piblik la dwe fè yon reyinyon avèk paran an anvan avèk manm ki konsène yo nan ekip plan sèvis endividyalize pou fanmi an (IFSP) oswa ekip pwogram edikasyon endividyalize (IEP) an ki genyen konesans spesifik sou aksyon yo idantifye nan plent paran an pou pwosè kòm sadwa a. Reyinyon an:

- Dwe genyen ladan li yon reprezantan ajans piblik la ki genyen otorite nan pran desizyon nan non ajans piblik la; epi
- Pa kapab gen ladan li yon avoka ki reprezante ajans piblik la amwenske paran an vini avèk yon avoka.

Paran an ak ajans piblik la deziyen manm konsène ekip IFSP an oswa ekip IEP yo ki pou prezan nan reyinyon an.

Objektif reyinyon an se pou paran an diskite plent pou pwosè kòm sadwa anvan ak aksyon ki reprezante baz plent la, yon jan ajans piblik la genyen okazyon pou rezoud konfli an.

Reyinyon an sou rezolisyon pa nesèsè si:

- Paran an ak ajans piblik la dakò sou papye pou anile reyinyon an;
- Paran an ak ajans piblik la dakò pou eseye fè medyasyon; oswa
- Ajans piblik la kòmanse plent pou pwosè kòm sadwa a.

Si ajans piblik la pa te rezoud plent pou pwosè kòm sadwa a yon jan ki satisfè paran an nan 30 jou kalandriye apre li te resevwa plent la (peryòd pou rezolisyon an), odyans pou pwosè kòm sadwa a kapab fèt.

Kalandriye 45 jou kalandriye pou rann yon dènye desizyon kòmanse lè 30 jou kalandriye pou peryòd rezolisyon an fini, amwenske youn nan sikonstans ki dekri pi ba la yo nan “Chanjman nan Peryòd 30 Jou Kalandriye pou Rezolisyon an” oswa nan seksyon “Kwonoloji Akselere” a aplike.

Chanjman nan Peryòd 30 Jou Kalandriye pou Rezolisyon an:

Sòf lè paran an ak ajans piblik la te dakò pou pwolonje pwosesis pou rezolisyon an, anile pwosesis pou rezolisyon an, oswa pou itilize medyasyon, lè yon paran pa patisipe nan reyinyon pou rezolisyon an, sa pral retade kalandriye pou pwosesis rezolisyon ak odyans pou pwosè kòm sadwa a jouktan reyinyon an fèt.

Si, apre li fè efò ki rezonab epi apre li dokimante efò sila yo, ajans piblik la pa kapab reyisi fè yon paran patisipe nan reyinyon pou rezolisyon an, ajans piblik la kapab, lè peryòd 30 jou kalandriye pou rezolisyon an fini, mande ALJ an pou li rejte plent pou pwosè kòm sadwa a. Pami dokiman sou

efò ajans piblik la, li dwe mete yon dosye sou tout tantativ pou fikse yon lè ak yon kote yo toulède te dakò, tankou:

- Dosye detaye sou apèl telefòn ki te fèt oswa yo te eseye fè ansanm ak rezilta apèl sa yo;
- Kopi korespondans yo te voye ba paran an ak nenpòt ki repons li te resevwa; epi
- Dosye detaye vizit yo te rann lakay paran an oswa kote li ap travay ansanm ak rezilta vizit sa yo.

Si ajans piblik la pa fè reyinyon pou rezolisyon an nan 15 jou kalandriye apre li te resevwa avi sou plent yon paran pou pwosè kòm sadwa oswa li pa patisipe nan reyinyon pou rezolisyon an, paran an kapab mande pou odyans la kòm anse epi desizyon an pibliye nan 45 jou kalandriye.

Si paran an ak ajans piblik la dakò sou papye pou anile reyinyon pou rezolisyon an, alòs 45 jou kalandriye pou odyans pou pwosè kòm sadwa a va kòm anse nan demen.

Apre medyasyon oswa reyinyon pou rezolisyon an kòm anse epi anvan peryòd 30 jou kalandriye rezolisyon an fini, si paran an ak ajans piblik la dakò sou papye pa gen okenn akò ki posib, alòs 45 jou kalandriye pou odyans pou pwosè kòm sadwa a va kòm anse nan demen.

Si paran an epi ajans piblik la dakò pou eseye medyasyon, lè peryòd 30 jou kalandriye rezolisyon fini, toulède pati konsène yo kapab dakò sou papye pou kontinye pwosesis medyasyon an jouktan yo rive a yon akò. Men si swa paran an oswa ajans piblik la wete kò yo nan pwosesis pou medyasyon an, alòs peryòd 45 jou kalandriye odyans pou pwosè kòm sadwa a va kòm anse nan demen.

Akò sou Règleman Rezolisyon:

Si yo abouti a yon rezolisyon pou konfli an nan reyinyon pou rezolisyon an, paran an ak ajans piblik la dwe siyen yon kontra obligatwa:

- Paran an siyen ansanm ak yon reprezantan ajans piblik la ki genyen otorite pou rann ajans piblik la responsab pou kontra a; epi
- Yo kapab aplike nan nenpòt ki tribinal Leta ki konpetan (yon tribinal Leta ki gen otorite pou tande kalite ka konsa) oswa nan yon tribinal federal.

Si paran an ak ajans piblik la siyen yon kontra touswit apre yon reyinyon pou rezolisyon an, pati konsène a kapab anile kontra a nan twa (3) jou travay.

Odyans Tribinal sou Pwosè Kòm sadwa:

Paran an oswa ajans piblik la ki enplike nan yon konfli genyen chans pou yon odyans pou pwosè kòm sadwa san pati konsène pri lè yo depoze yon plent pou pwosè kòm sadwa.

Yon Jij Administratif (ALJ):

- Se yon anplwaye Biwo pou Odyans Administratif;
- Pa pral genyen yon konfli enterè pèsònèl oswa pwofesyonèl ki avegle objektivite li pandan odyans la;
- Gen konesans epi li byen konprann dispozisyon IDEA yo, règleman federal ak règleman Leta ki koresponn ak IDEA an, ansanm ak entèpretasyon legal IDEA yo; epitou
- Genyen konesans ak kapasite pou prezide odyans, pou pran epi redije desizyon ki annakò avèk tradisyon legal ki nòmal epi apwopriye.

Sijè yon Plent pou Pwosè Kòmradwa:

Pati (paran an oswa ajans piblik la) ki depoze plent pou pwosè kòmradwa a pa kapab soulve koze nan odyans pou pwosè kòmradwa a yo pa te abòde nan plent pou pwosè kòmradwa a, amwenske lòt pati konsène a dakò.

Dwa pou Odyans Tribinal:

Nenpòt ki patisipan nan nenpòt ki odyans pou pwosè kòmradwa (tankou yon odyans sou pwosedi disiplin IDEA) gen dwa pou:

- Reprazante oumenm oswa reprazante pa yon avoka nan odyans pwosè kòmradwa annakò avèk Atik Gouvènman Leta §9-1607.1, Kòd Maryland Anote;
- Akonpaye epi konseye pa yon avoka ak moun ki gen konesans espesyal oswa antrenman konsènan pwoblèm timoun ki enfim yo;
- Prezante prèv epi konfwonte, fè kont-entèwogasyon epi egzije pou temwen prezan;
- Entèdi yo prezante nenpòt ki prèv nan odyans la ki pa te devwale ba pati konsène sa a omwen 5 jou travay anvan odyans la;
- Jwenn yon dosye ekri, oswa, si paran an mande sa, yon dosye elektwonik, mo pou mo odyans la; epi
- Jwenn yon dosye ekri, oswa, si paran an mande sa, konklizyon elektwonik sou aksyon ak desizyon.

Lòt Divilgasyon Enfòmasyon:

Omwen senk (5) jou travay anvan yon odyans pwosè kòmradwa, paran ak ajans piblik la dwe devwale youn ba lòt tout evalyasyon ki te fèt lè sa a ak rekòmandasyon ki baze sou evalyasyon sa yo paran an oswa ajans piblik la gen entansyon itilize nan odyans la.

Yon ALJ kapab anpeche nenpòt ki pati konsène ki pa respekte kondisyon yo, pou prezante evalyasyon oswa rekòmandasyon pètinan an nan odyans la san konsantman lòt pati konsène a.

Dwa Paran:

Paran an gen dwa pou:

- Fè timoun nan temwaye;
- Ouvri odyans la ba piblik la; epi
- Ba ou dosye odyans la yo, rezilta aksyon ak desizyon san ou pa peye.

Desizyon Odyans Tribinal:

Desizyon ALJ an sou si yon timoun te resevwa yon edikasyon piblik gratis epi ki kòdyòm (FAPE) dwe baze sou fondasyon solid. Nan koze ki akize yon vyolasyon pwosedi, yon ALJ kapab jwenn timoun nan pa te resevwa FAPE sèlman si mankman pwosedi yo:

- Entèfere avèk dwa timoun nan pou resevwa yon FAPE;
- Entèfere anpil avèk yon okazyon paran pou patisipe nan pwosesis pran desizyon konsènan bay yon FAPE ba timoun nan; oswa
- Te lakòz yo pa bay yon benefis nan edikasyon.

Okenn nan dispozisyon yo dekri pi wo la yo vle di yo va anpeche yon ALJ òdonnen yon ajans piblik pou li respekte kondisyon ki nan seksyon sou garanti pwosedi règleman federal la yo dapre Seksyon B IDEA a (34 CFR 300.500 atravè 300.536).

Plent Apa pou Pwosè Kòm sadwa :

Okenn pati konsène nan seksyon sou garanti pwosed IDEA an anpeche yon paran depoze yon plent apa pou pwosè kòm sadwa sou lòt koze pase yon plent pou yon pwosè kòm sadwa yo deja depoze.

Kalandriye ak Konvansyon yon Odyans Tribinal:

Pa pita pase 45 jou kalandriye apre peryòd 30 jou kalandriye pou reyinyon pou rezolisyon an fini oswa, jan yo dekri nan “Chanjman nan Peryòd 30 Jou Kalandriye pou Rezolisyon an” oswa “Kwonoloji Akselere,” pa pita pase 45 jou kalandriye apre peryòd tan rekalkile a fini pase:

- Yo pran yon dènye desizyon nan odyans la; epi
- Yo voye pa lapòs yon kopi desizyon an ba tout pati konsène yo.

Yon ALJ kapab akòde powlonjman spesifik tan ki depase peryòd 45 jou kalandriye si yon pati konsène mande sa. Chak odyans dwe fèt nan yon lè ak yon kote ki pa twò lwen pou paran an ak timoun nan.

Kwonoloji Akselere:

Yon ajans piblik responsab pou òganize vit yon odyans tribinal pou pwosè kòm sadwa lè plent pou yon pwosè kòm sadwa te depoze nan non yon timoun ki enfim, konsènan:

- Yon timoun enfim ki pa anwole aktyèlman epi ki poko ap frekante lekòl;
- Plasman yon timoun enfim nan yon lòt kad edikasyon pwovizwa; oswa
- Yon siy detèminasyon.

Odyans pou pwosè kòm sadwa a dwe fèt nan 20 jou lekòl apre dat yo te depoze plent la. ALJ an dwe deside nan 10 jou lekòl apre odyans la. Yon reyinyon pou rezolisyon dwe fèt nan sèt (7) jou kalandriye apre yo te resevwa avi sou plent pou pwosè kòm sadwa a epi odyans pou pwosè kòm sadwa a kapab kontinye amwenske yo te rezoud koze a nan satisfaksyon toulède pati konsène yo nan 15 jou kalandriye apre yo te resevwa plent pou pwosè kòm sadwa a.

Desizyon Odyans Tribinal la Definitif:

Yon desizyon ALJ definitif amwenske swa paran yo oswa ajans piblik la fè apèl. Nenpòt ki pati konsène ki pa kontan ak rezilta ak desizyon yo, gen dwa pou entante yon aksyon sivil konsènan plent ki prezante nan odyans pwosè kòm sadwa a.

Apèl:

Nenpòt ki pati konsène pou odyans la ki pa dakò avèk rezilta ak desizyon yo gen dwa pou fè apèl epi entante yon aksyon sivil nan nenpòt ki tribinal Leta ki konpetan oswa nan yon tribinal distrik Etazini kèlkeswa kantite lajan yo ap diskite an nan 120 jou apre dat desizyon ALJ an.

Nan nenpòt ki aksyon sivil, tribinal la pral:

- Resevwa dosye pwosè administratif la yo;
- Tande lòt prèv si yon paran mande sa oswa si ajans piblik la mande sa;
- Baze desizyon li sou kantite prèv yo; epi
- Akòde dedomajman tribinal la deside ki konvni.

Okenn pati nan Seksyon B IDEA an limite dwa, pwosed, ak konpasasyon ki disponib dapre Konstitisyon Ameriken an, Lwa 1990 sou Ameriken ki enfim, Tit V Lwa 1973 la sou Reyabilitasyon (Seksyon 504), oswa lòt lwa federal ki pwoteje dwa timoun ki enfim yo. Sòf, anvan

yo depoze pou aksyon sivil dapre lwa sa yo, paran yo oswa yon ajans piblik dwe te fini itilize pwosedè pou yon odyans pou pwosè kòm sadwa bòkote OAH. Sa vle di paran yo kapab genyen solisyon ki disponib dapre lòt lwa ki kwaze avèk sa ki disponib dapre IDEA a yo, men anjeneral, pou jwenn konpasasyon dapre lòt lwa sa yo, paran yo dwe itilize dabò solisyon ki disponib dapre IDEA an (sètadi, plent pou pwosè kòm sadwa, reyinyon pou rezolisyon an, ak pwosedè san pati pri pou odyans pou pwosè kòm sadwa) anvan yo ale dirèkteman nan tribinal.

ONORÈ AVOKA

Nan nenpòt ki aksyon oswa pwosè yo entante dapre IDEA, tribinal la kapab akòde onorè avoka ki rezonab ba:

- Paran oswa gadyen yon timoun enfim ki se pati ki genyen kòz lan;
- Yon pati ki genyen kòz la epi ki se MSDE oswa nenpòt ki lòt ajans piblik kont avoka paran an ki depoze yon plent oswa ki entante lòt kalite kòz ki san merit san sans, oswa san fondman, oswa ankò kont avoka paran an ki te kontinye ap fè pwosè apre pwosè a te vini karebare san merit san sans, oswa san fondman; oubyen
- Yon pati ki genyen kòz la epi ki se MSDE oswa nenpòt ki lòt ajans piblik kont avoka paran an, oswa kont paran an, si yon plent paran oswa lòt kalite kòz te prezante pou nenpòt ki rezon ki pa kòdyòm, tankou fè pongongon, lakòz reta ki pa nesesè, oswa pou ogmante san rezon pri litigation an.

Onorè yo bay dwe baze sou tarif anvigè nan kominote kote mezi an te pran pou kalite sèvis ki te bay la. Yo pa kapab itilize okenn bonis ni faktè miltiplikasyon nan kalkile onorè yo akòde.

Yo kapab akòde onorè selon sikonstans sa yo:

- Pou nenpòt ki reyinyon Ekip IFSP oswa Ekip IEP amwenske yo te fè li touswit apre yon odyans pou pwosè kòm sadwa oswa apre yon aksyon lajistis;
- Pou medyasyon ki fèt anvan yo depoze yon plent pou pwosè kòm sadwa;
- Pou reyinyon pou rezolisyon yo; epi
- Pou sèvis apre yo ofri yon akò sou papye ba paran an si:
 - Òf la te fèt nan kalandriye dapre Règleman 68, Règleman Federal sou Pwosedè Sivil, oswa nan yon pwosè administratif, plis pase di (10) jou anvan pwosè an kòmanse;
 - Yo pa te aksepte òf la nan di (10) jou; epi
 - Tribinal la dekouvri konpansasyon paran an te jwenn lan nan odyans la pa pi plis anfavè paran an pase akò pou òf la. Yo kapab peye onorè avoka ak pri lajan si paran an te gen bon jan rezon pou refize akò pou òf la.

Yo kapab diminye frè lajan selon sikonstans sa yo:

- Paran an oswa yon paran avoka te pwolonje san rezon tan pou rezoud konfli an;
- Kantite frè lajan yo egzajere epi depase tarif alè ki anvigè nan kominote an pou sèvis konsa lòt avoka ki gen apeprè menm konpetans, repitasyon ak eksperyans, bay;
- Tan ak sèvis te egzajere parapò ak kalite pwosè an; oswa
- Avoka a pa te founi enfòmasyon ki kòrèk lè li te depoze avi demann pou odyans pou pwosè kòm sadwa a.

Yo pral diminye frè lajan yo si:

- Ajans piblik la te pwolonje rezolisyon an; oswa

- Te genyen yon vyolasyon kondisyon pou garanti pwosedi yo.

Paske yon dwa paran pou kolekte frè avoka depann sou kèk kondisyon li respekte, jan sa tabli nan IDEA a, paran yo dwe diskite koze sa a avèk avoka pa yo.

DOKIMAN ANEKSE: FICH KONPAREZON IDEA POU PWOSESIS REZOLISYON KONFLI

	MEDYASYON	PLENT POU PWOSE KOMSADWA	PWOSESIS POU REZOLISYON	PLENT LETA
Kilès ki kapab kòmanse pwosesis la?	Paran oswa ajans piblik la, men sa dwe volontè pou toulède	Paran oswa ajans piblik	Ajans piblik la fikse reyinyon pou rezolisyon an apre li resevwa plent pou pwose kòmsadwa a amwenske pati konsène yo dakò pou anile oswa itilize medyasyon	Nenpòt ki moun oswa nenpòt ki òganizasyon tankou òganizasyon andeyò leta
Kilè tan limit pou depoze plent?	Okenn pa site	2 zan apre pati konsène an te okouran oswa te dwe okouran pwoblèm lan san li pa gen twòp espwa ¹	Kòmanse ak yon plent yon paran pou pwose kòmsadwa fè	Yon (1) lane apre dat vyolasyon yo sispèk la
Ki koze yo kapab rezoud?	Nenpòt ki koze dapre Seksyon 300, tankou koze ki soulve anvan yo depoze plent pou yon pwose kòmsadwa (genyen eksepsyon) ²	Nenpòt ki koze ki gen rapò ak idantifikasyon an, evalyasyon oswa plasman pou edikasyon oswa bay yon edikasyon piblik gratis epi ki kòdyòm (genyen eksepsyon)	Menm ak koze ki te soulve nan plent paran an pou pwose kòmsadwa	Yo sispèk vyolasyon Seksyon B IDEA oswa Seksyon 300
Ki kalandriye pou rezoud koze?	Okenn pa site	45 jou apre peryòd pou rezolisyon an te fini amwenske yo te bay yon pwolonjman spesyal pou kalandriye a ^{3,4}	Ajans piblik la dwe konvoke yon reyinyon pou rezolisyon nan 15 jou apre li resevwa yon plent paran pou pwose kòmsadwa, amwenske pati konsène yo dakò sou papye pou anile reyinyon an oswa dakò pou itilize medyasyon Peryòd pou rezolisyon se 30 jou apre yo resevwa yon plent paran pou pwose kòmsadwa amwenske pati konsène yo dakò sou lòt kondisyon oswa paran an oswa ajans piblik la pa patisipe nan reyinyon pou rezolisyon an oswa ajans piblik la pa konvoke reyinyon pou rezolisyon an nan 15 jou apre li te resevwa yon plent paran pou pwose kòmsadwa ^{3, 5, 6, 7}	60 jou apre yo resevwa plent amwenske yo te pèmèt yon pwolonjman ⁸

<p>Kilès ki rezoud koze ?</p>	<p>Paran ak ajans piblik avèk yon medyatè</p> <p>Pwosesis la volontè epi toulède pati konsène yo dwe dakò pou nenpòt ki rezolisyon</p>	<p>Prepoze a odyans la/Jij Administratif (ALJ)</p>	<p>Paran ak ajans piblik</p> <p>Toulède pati konsène yo dwe dakò pou nenpòt ki rezolisyon</p>	<p>Depatman Edikasyon Leta Maryland⁹</p>
-------------------------------	----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	----------------------------------------------------	-----------------------------------------------------------------------------------------------	-----------------------------------------------------

¹ Limit tan an pa aplike pou yon paran si yo te anpeche paran an depoze yon plent pou pwosè kòm sadwa akòz: (1) fo deklarasyon spesifik ajans piblik la te fè tankou li te rezoud pwoblèm la kòm baz fondanatal plent pou pwosè kòm sadwa a; oswa (2) ajans piblik la pa te bay paran an enfòmasyon ki te obligatwa dapre Seksyon 300 IDEA a pou paran an te bay (34 C.F.R. §300.511(f)).

² Men kèk eksepsyon: ajans piblik la kapab pa depoze yon plent pou pwosè kòm sadwa ni itilize medyasyon pou anile yon refi yon paran pou li konsanti pou yo bay premye sèvis edikasyon spesyal (34 C.F.R. §300.300(b)(3)); ajans piblik la pa kapab depoze yon plent pou pwosè kòm sadwa ni itilize medyasyon pou anile yon refi yon paran pou li konsanti pou yo fè premye evalyasyon oswa reevalyasyon yon timoun yon paran te mete nan lekòl prive oswa yon timoun ki aprann lakay li; (34 C.F.R. §300.300(c)(4)(i)); dwa paran ki mete pitit yo nan lekòl prive pou yo depoze yon plent pou pwosè kòm sadwa limite sèlman a ajans piblik la lè li pa respekte kondisyon pou jwenn timoun nan (34 C.F.R. §300.140); ajans piblik la pa bay yon pwofesè byen kalifye se pa yon koze ki dwe lakòz yon pwosè kòm sadwa, men yo kapab depoze yon plent Leta bòkote Ajans Edikasyon Leta an (SEA) (34 C.F.R. §300.156(e)).

³ Si plent pou pwosè kòm sadwa a depoze pou yon odyans tribinal rapid dapre pwosedi pou disiplin, oswa si timoun nan pa anwole aktyèlman epi li pa ap frekante lekòl, peryòd pou rezolisyon an se 15 jou kalandriye (avèk reyinyon an ki fèt an 7 jou). Si koze an pa rezoud pou satisfè toulède pati konsène yo, odyans la dwe fèt nan 20 jou lekòl apre dat yo te mande odyans la epi yo dwe rann yon desizyon nan 10 jou apre odyans la. (34 C.F.R. §300.532(c) ak COMAR 13A.05.01.15).

⁴ Yon prepoze a odyans la/ALJ kapab akòde yon pwolonjman tan si nenpòt ki pati konsène mande sa. (34 C.F.R. §300.516(c)).

⁵ Règleman pèmèt pou yo rekalkile peryòd 30 jou pou rezolisyon an. Kalandriye 45 jou pou odyans pou pwosè kòm sadwa a kòmanse jou apre youn nan aksyon sa yo: (1) toulède pati yo dakò sou papye pou anile reyinyon pou rezolisyon an; (2) apre swa medyasyon an oswa reyinyon pou rezolisyon an kòmanse men anvan peryòd 30 jou an fini, pati konsène yo dakò sou papye okenn akò pa posib; (3) si toulède pati yo dakò sou papye pou kontinye medyasyon an lè peryòd 30 jou pou rezolisyon an fini, men pita, paran an oswa ajans piblik la wete kò li nan pwosesis medyasyon an. (34 C.F.R. §300.510 (c)).

⁶ Lè paran an pa patisipe nan reyinyon pou rezolisyon, sa retade kalandriye pwosesis rezolisyon an ansanm ak odyans pou pwosè kòm sadwa a joutan reyinyon an fèt. (34 C.F.R. §300.510(b)(3)).

⁷ Si ajans piblik la pa fè reyinyon pou rezolisyon an pandan 15 jou apre li resevwa plent paran an pou pwosè kòm sadwa oswa si li pa patisipe nan reyinyon pou rezolisyon an, paran an kapab mande yon ALJ pou li entèveni, pou kòmanse kalandriye odyans pou pwosè kòm sadwa a (34 C.F.R. §300.510(b)(5)).

⁸ Kalandriye pou rezoud plent Leta a kapab pwolonje si sikonstans ra egziste konsènan yon plent spesyal, oswa si paran an (oubyen yon moun oswa yon òganizasyon, si medyasyon oswa yon lòt mwayen pou rezoud konfli a), aladispozisyon moun nan oswa òganizasyon an dapre pwosedi Leta yo) epi ajans piblik la dakò pou pwolonje lè pou rantre nan medyasyon oswa pou angaje nan lòt mwayen pou rezoud konfli an, si sa disponib nan Leta a (34 C.F.R. §300.152(b)(1)).

⁹ Pwosedi plent MSDE an bay ajans piblik la okazyon pou li reponn a plent la, epitou, si ajans piblik la deside sa, yon pwopozisyon pou rezoud plent la; ak yon okazyon pou paran ki depoze yon plent ak ajans piblik la pou yo volontèman patisipe nan medyasyon an. (34 C.F.R. §300.152(a)(3)). Nan kèk ka, plentif la ak ajans piblik la kapab rezoud konfli an san MSDE pa bezwen rezoud koze an.

Maryland State Department of Education
Division of Special Education/Early Intervention Services
200 West Baltimore Street
Baltimore, Maryland 21201
410-767-0249 (phone)
410-333-1571 (fax)
<http://www.marylandpublicschools.org>

